

MANYÈL AVANTAJ YO

Apwouve 12 Desanm 2025



SUPPORTIVE SERVICES FOR
FAMILIES & PHYSICIANS

TABLO KONTNI YO

Entwodiksyon	3
Demann Reklamasyon pou Ranbousman oswa Avantaj Yo.....	4
Otorizasyon pou Jwenn Sèvis Andeyò Zòn Kouvèti Plan Asirans Ou An oswa Andeyò Eta a.....	7
Dire Tretman Yo.....	8
Avantaj Yo	9
Alokasyon Inisyal Pou Paran	10
Lojman	10
Avantaj Espesyal Anyèl.....	11
Sèvis Sante Mantal	12
Swen Doktè ak Lopital	13
Tretman Dantè	14
Terapi Entansif	15
Preskripsyon Medikaman ak Frè Deplasman pou Famasi	17
Kontra Asirans ak Kotizasyon yo	18
Alokasyon Pou Elektrisite	19
Sibvansyon pou Manje ki Nourisan	20
Pwodwi Nitrisyonèl Espesyalize yo.....	21
Pwogram oswa Ekipman Eksperimantal Yo.....	22
Sèvis Transpò	23
Vwayaj Pou Swen Lokal.....	26
Vwayaj Pou Swen Ospitalizasyon	28
Lojman pou Evakyasyon Katastwòf	30
Responsablite Legal	31
Fon Sipò Pou Dèy	32
Swen Enfimye	33
Terapi.....	35
Ekipman	36
Founiti yo.....	38
Avantaj Ki Pa Espesifikman Abòde Yo.....	40
Dezakò ak Refi Pou Ranbousman Yo	41
Enfòmasyon Kontak yo	41

Plan Konpansasyon pou Twomatis Newolojik ki Lye ak Nesans nan Florida

ENTWODIKSYON

Byenvini nan Plan Konpansasyon pou Twomatis Newolojik ki Lye ak Nesans nan Florida (“Plan”). Plan an, yo pi byen konnen sou non NICA, bay konpansasyon, san chèche yon fotif, pou yon kategori limite blesi katastwofik ki lakòz gwo depans inabityèl pou swen akonpayman ak reyabilitasyon. Nan objektif sa, Plan an bay yon pakèt avantaj.

Nou ankouraje chak fanmi pou yo familiarize yo ak Manyèl Avantaj sa a, ki ofri direktiv ki klè sou avantaj posib ki disponib swivan Plan NICA a. Swit ak chanjman lejislatif ke Lejislati Florida fè yo an 2021, Plan NICA a ofri plizyè avantaj adisyonèl epi ki amelyore kote tout fanmi ta dwe revize epi familiarize yo avèk yo.

Objektif Manyèl Avantaj sa se pou bay enfòmasyon senp ak dirèk sou avantaj ki disponib nan NICA ak kijan fanmi yo ka mande avantaj sa yo. Sepandan, Manyèl Avantaj sa se yon gid. Finalman, Seksyon 766.301-766.316 nan Lwa Florida dirije aktivite NICA yo, pafwa yo rele Lwa NICA. Li enpòtan pou konprann ke Lwa a — se pa manyèl sa — kontwole nenpòt konfli ant enfòmasyon ki nan Manyèl Avantaj sa a ak Lwa a menm.

Jeneralman, selon Lwa Florida, NICA peye pou yon depans reyèl ki “nesesè medikalman epi rezonab” pou patisipan yo, ki gen ladan l men ki pa limite ak:

- Swen medikal ak lopital, swen pou Reyabilitasyon ak fòmasyon, swen rezidansyèl oswa swen akonpayman.
- Swen pwofesyonèl rezidansyèl ak swen akonpayman epi sèvis
- Medikaman ki nesèsè medikalman
- Ekipman espesyal ki nesèsè medikalman ak sant yo; epi depasman ki lye

(Gade: Seksyon 766.31(1)(a), Lwa Florida yo)

Byenke Manyèl sa a eseye dekri tout lis avantaj ki disponib pou fanmi yo, NICA ka peye tou pou lòt founiti ki nesèsè medikalman, ekipman oswa depans ki lye ak maladi epi bezwen medikal patisipan an. Fanmi yo dwe soumèt tout depans ki nesèsè medikalman oswa ki pa abòde nan Manyèl Avantaj sa a bay jesyonè dosye patisipan an pou yo ka egzamine yo.

Yon fanmi ka oubyen ka pa kalifye pou menm avantaj ak yon lòt fanmi akòz maladi patikilye, nesèsite medikal, oswa lòt kouvèti ki disponib chak patisipan yo. Sepandan, NICA ap fè efò pou asire ke tout fanmi yo jwenn menm tretman ak kouvri tout depans ki nesèsè medikalman epi ki rezonab yo, ki depann de limit ki fikse nan seksyon 766.31 Lwa Florid yo. NICA rezève dwa pou l mande yon Lèt Nesèsite Medikal pou nenpòt avantaj ou mande.

Tanpri sonje, etandone chanjman lejislatif resan nan Florida, NICA konsidere tèt li kòm prensipal pou Medicaid epi kòm yon tyès pati pou sèvis NICA kouvri yo, nou kontinye kolabore ak AHCA sou yon plan pou kowòdone sèvis yo pou asire patisipan nou yo resevwa sèvis san enteripsyon. Jiskaske plan sa finalize, fanmi patisipan yo pa dwe chanje fason pou yo jwenn sèvis nan men founisè pa yo. Osito ke plan tranzisyon an fini, yo ap enfòme fanmi yo ak nenpòt nouvo demach. Sepandan, si yon fanmi ap fè fas ak nenpòt pwoblèm pou jwenn sèvis Medicaid yo, tanpri kontakte jesyonè dosye w la pou NICA ka trete epi transfere sèvis sa yo nan finansman NICA.

DEMANN REKLAMASYON POU RANBOUSMAN OSWA AVANTAJ

Seksyon sa a gen enfòmasyon detaye sou egzijans legal NICA yo ki lye ak avantaj ki kouvri yo ak dokiman ki nesèsè pou asire ke NICA fonksyone nan kad otorite legal li. Li gen ladan l tou yon kad travay ki klè pou asire ke desizyon sou avantaj yo pran yon fason konsistan epi ekitab pou tout patisipan yo. Sonje ke pandan pwogram NICA a kouvri yon pakèt avantaj nesèsè medikalman ak lòt avantaj, li pa gen entansyon bay ranbousman pou tout depans ki ka rive akòz twomatis nan nesans lan. Men kèk egzanp bagay ki pa kouvri: pri pou kenbe bèt domestik pandan w ap vwayaje pou randevou medikal yo, ogmantasyon pri pou pwodui netwayaj kay, ak depans legal pou mete sou pye yon fidisi pou andikape.

Chak seksyon nan Manyèl Avantaj la gen egzijans espesifik ki gen rapò ak kalite avantaj sa a. Piske chak patisipan gen bezwen ki diferan, se pa chak patisipan yo pral mande oswa ki ap kalifye pou chak avantaj ki mansyone nan Manyèl sa a. Manyèl. Menm jan an tou, gen anpil avantaj ki ka kouvri ke yo pa mansyone espesifikman. Jesyonè Dosye NICA w la se pi bon sous pou kesyon sou avantaj ki ka pa endike espesifikman nan Manyèl sa a.

Pwogram NICA a bay gwo kategori avantaj sa yo:

- Avantaj Medikal ki nesèsè jan sa prevwa nan Lwa Florida yo
- Lòt avantaj ki espesifikman prevwa nan Lwa Florida yo
- Lòt avantaj Komisyon Konsèy la apwouve pou ankouraje administrasyon plan an nan pi bon enterè patisipan yo

Avantaj ki nesèsè medikalman jan Lwa Florida yo prevwa gen ladan l sa yo:

- Swen Enfimyè / Akonpayman
- Lopital, Medikal, ak kèk Tretman Dantè
- Medikaman
- Ekipman
- Founiti yo
- Terapi
- Vwayaj ki Lye

Lòt avantaj ki espesifikman prevwa nan Lwa Florida yo gen ladan yo sa yo:

- Alokasyon Inisyèl Pou Paran
- Avantaj Dèy
- Sèvis Sante Mantal pou manm fanmi yo
- Transpò Ki Fyab
- Asistans pou Lojman

Avantaj Komisyon Konsèy lan apwouve yo gen ladan yo sa yo:

- Frè legal ak lòt depans ki gen rapò ak responsab legal yo
- Kotizasyon Pou Asirans Sante
- Avantaj Espesyal Anyèl
- Alokasyon Pou Elektrisite
- Lojman pou katastwòf

Lwa Florid yo gen ladan yo kèk lòt limitasyon ke NICA dwe respekte pou ranbouse sèvis yo. Espesyalman:

- ranbousman pou atik ki nesèsè medikalman yo dwe gen rapò ak twomatis nan nesans lan,
- ranbousman pou atik ki nesèsè medikalman yo dwe rezonab tou,
- ranbousman an limite ak frè ki abityèlman rezonab nan menm kominote a pou menm kalite sèvis yo (sa vle di chaj nòminal epi abityèl yo),

- yo entèdi fè ranbousman pou atik patisipan yo gen dwa pou resevwa dapre lòt pwogram Federal oswa lòt eta, epi
- yo entèdi fè ranbousman pou atik ki kouvri dapre plan asirans yo

Finalman, NICA ap sou sipèvizyon plizyè antite ki gen ladan yo odit Biwo Oditè Jeneral Florida a Pou NICA ka dokimante depans li ranbouse yo kòrèkteman pou rezon sa yo, NICA dwe rasanble dokiman sèvis oswa machandiz yo te founi yo, epi, si yo te fè ranbousman bay paran an, prèv peman ki te fèt pou sèvis oswa machandiz yo.

Rès seksyon sa a dekri kijan NICA respekte chak kritè ki mansyone anwo a. Jan sa te mansyone anvan, chak seksyon ki nan manyèl sa a gen detay espesifik sou dokiman obligatwa pou avantaj sa a.

Nesesite Medikal:

An jeneral, yo dokimante neseseite medikal la nan yon preskripsyon, yon lèt neseseite medikal, oswa yon òdonans sòti nan men yon doktè. Dokiman pou neseseite medikal yo varye selon kalite avantaj yo ap mande a. Dokiman sa a fèt pou li objektif, kidonk, NICA pa aksepte referans otonòm pou ekipman oswa sèvis yo (sa vle di referans ki sòti nan men founisè oswa vandè machandiz oswa sèvis la). Sonje ke, menm si yon founisè te preskri oswa rekòmande yon bagay pa fè li tou vin yon avantaj ki kouvri.

Ki lye ak Twomatis nan nesans lan:

Byenke pifò avantaj yo mande yo klèman gen rapò ak twomatis nan nesans lan, gen kèk ladan yo ke jesyonè dosye w la ap mande dokiman adisyonèl pou asire ke atik la kouvri. Egzanp atik kote dokiman adisyonèl yo ka nesese gen ladan l vizit doktè ak lopital paske ka gen vizit ki pa kouvri. Pa egzanp, yon vwayaj pou ale nan Sal Ijans lan pou yon zo kase ki pa gen rapò ak twomatis nan nesans lan, oswa yon vizit kay doktè prensipal la pou pran vaksen regilye yo. Gen kèk atik tou ki p ap kouvri paske yo se bagay yo te ap achte menm si pa t gen twomatis nan nesans lan, tankou kouchèt pou timoun ki poko gen 3 an, oswa founiti ijans ki pa gen rapò ak ekipman medikal ki nesese.

Rezonab:

Rasyonalite se yon tèm ki vas ke yo ka pi byen dekri kòm atik ki an akò ak nòm pratik medikal ki jeneralman akseptab yo (sa yo rele "nòm swen") epi ki pa eksperyantal oswa nan faz devlopman. Lè yo ap evalye nenpòt demann, priorite NICA se ke yon tretman oswa pwosedi pa lakòz domaj.

Nòm rasyonalite a aplike tou pou demann pou atik ki an doub oswa atik ki fèt pou itilizasyon rekreyatif paske li p ap pral yon itilizasyon rezonab nan finansman NICA pou ranbouse atik sa yo san limit. Espesifikman, NICA pa ranbouse atik ki an doub tankou ekipman adisyonèl pou yon kay vakans, epi NICA limite ranbousman pou atik rekreyatif yo jan yo dekri l nan seksyon Ekipman an.

Montan chaj nòmal epi abityèl yo:

NICA gen plizyè fason pou detèmine si yon atik oswa sèvis nan pri nòmal epi abityèl li. Pou sèvis tankou terapi, NICA kòmanse avèk yon sipozisyon ke tarif Medicaid aktyèl la ke yon founisè ap aksepte se sa ki nòmal epi abityèl la (swa tarif pou sèvis la oswa tarif pou jesyon swen an). Nan ka kote founisè a pa aksepte tarif Medicaid la, NICA ka mande dokiman pou tarif yo ap aksepte nan plan asirans prive yo. Si NICA pa kapab detèmine yon tarif atravè youn nan metòd sa yo, NICA ap fikse tarif yo pou sèvis ki similè ak sa lòt founisè nan zòn lan aksepte yo.

Pou ekipman ak founiti yo, gen kèk ka kote NICA ka mande devè pou detèmine yon pri nòmal epi abityèl, sepandan, pou anpil atik, NICA te achte atik ki similè anvan epi li konnen pri pou atik sa yo. NICA gen patenarya tou ki deja etabli ak anpil founisè ekipman ak materyèl, epi li ka jwenn bon rabè sou founiti ak ekipman sa yo. NICA gen patenarya tou ki deja etabli ak anpil founisè ekipman ak materyèl, epi li ka jwenn bon rabè sou founiti ak ekipman sa yo.

Nan ka kote yon fanmi ka chwazi sèvi ak yon founisè (oswa achte founiti oswa ekipman) ki gen yon tarif ki pi wo pase tarif nòmal epi abityèl la, NICA ap peye montan nòmal epi abityèl la, epi fanmi an ap responsab pou diferans lan.

NICA se yon òganizasyon ki gen egzanpsyon enpo, kidonk NICA pa dwe peye enpo sou anpil atik. Si yon paran chwazi achte ekipman ki koute plis pase \$3,000 san yo pa jwenn otorizasyon alavans, yo p ap ranbouse montan enpo sou vant lan bay paran an.

Atik Ke Lòt Pwogram Kouvri Yo:

Egzanp atik ki pi komen ke lòt pwogram yo kouvri se depans ki gen rapò ak edikasyon. NICA pa kouvri depans ki gen rapò ak edikasyon tankou frè lekòl, leson prive, ak founiti lekòl yo.

Lwa sou Endividi Ki Gen Andikap (IDEA) egzije ke tout timoun resevwa yon edikasyon gratis epi ki apwopriye nan anvivònman ki gen mwens restriksyon posib lan. Yo endike Sèvis yo dwe founi yo nan yon Plan Edikasyon Endividyèl (IEP) epi yo ka gen ladan l sèvis tankou terapi, transpò espesyal, ak swen enfimye pou lekòl. Sistèm eskolè a finanse depans sa yo epi NICA pa kouvri yo.

Pou timoun ki ap swiv klas lakay yo, sistèm eskolè a bay paran yo finansman pou depans aprantisaj lakay yo. NICA pa kouvri pri founiti ki gen rapò ak aprantisaj lakay yo.

Atik Asirans Kouvri Yo:

NICA atann ke asirans sante a toujou rete aktif pou patisipan yo. NICA ranbouse fanmi yo pou depans asirans sante patisipan an. Pou fanmi ki gen Medicaid, NICA ranbouse Ajans Administrasyon Swen Sante a pou depans kotizasyon sa yo. Yo atann ke kote asirans (ki gen ladan l Medicaid) bay kouvèti pou yon sèvis ki nesèsè, ke yo ap jwenn sèvis sa a nan men yon founisè ki aksepte asirans patisipan an si gen youn ki disponib nan zòn nan.

Pou atik tankou terapi, ekipman, ak kèk founiti, NICA ka mande dokiman ki montre yon refi asirans anvan li otorize yon demann ranbousman.

Si gen yon mank nan kouvèti asirans lan ak depans ke asirans lan ta dwe kouvri, NICA p ap ranbouse pou atik sa yo. Si ou bezwen èd pou jwenn asirans sante pou patisipan an, tanpri kontakte jesyonè dosye ou a.

Dire Tan Pou Fè Reklamasyon:

NICA ap onore demann ranbousman ki soumèt sou kat ane (an konfòmite ak Seksyon 95.11(3)(f) nan Lwa Florida yo) apati dat depans lan te fèt la si demann lan akonpanye ak dokiman ki apwopriye yo. Si depans lan te fèt anvan akseptasyon patisipan an nan pwogram NICA a, dire tan sa a pa aplikab, depi yo soumèt demann ranbousman yo nan yon delè kat ane apati dat akseptasyon patisipan an nan pwogram lan.

Dire tan sa a aplikab pou tout kategori avantaj yo, amwenske genyen yo bay lòt notifikasyon (sa vle di gen kèk avantaj ki pa disponib jiskaske patisipan an antre nan pwogram lan).

OTORIZASYON POU JWENN SÈVIS KI ANDEYÒ REZO KOUVÈTI PLAN ASIRANS OU OSWA KI ANDEYÒ ETA A

Paran yo oswa responsab legal yo dwe enfòme NICA avan yo mennen yon patisipan andeyò rezo kouvèti plan asirans yo a oswa andeyò Eta Florida pou ale fè evalyasyon, operasyon, oubyen lòt tretman ki nesèsè medikalman. NICA dwe otorize alavans tretman ki andeyò Eta a. NICA kapab akselere peman ekipman yo ak sèvis otorize alavans epi pafwa prepeye pou yo. San otorizasyon alavans, NICA ap sèlman peye pou tretman ki fèt andeyò rezo kouvèti plan asirans lan oswa andeyò eta a ak vwayaj si te gen yon ijans ki te rive nan moman tretman an.

DIRE TAN TRETMAN YO

NICA pran angajman pou l bay sèvis rapid epi efikas pou sipòte patisipan nou yo ak bezwen yo. Pou nou asire sètitud ak koyerans, nou tabli règleman sa yo pou jan nou trete demann yo.

Dire dèlè nòminal NICA pou trete demann ranbousman yo se 10 jou ouvrab osito ke nou resevwa tout dokiman ki nesèsè yo (eksepte pou fèy lè travay ki mansyone nan pwochen seksyon an). Si nou bezwen lòt dokiman adisyonèl tout swit apre ou te fè demann inisyal lan, jesyonè dosye w la ap kontakte w pi vit posib. Demann ranbousman ki pi gwo yo (pa egzanz demann ki kouvri plizyè mwa/ane, reparasyon ekipman, elatriye) ap bezwen plis tan pase dire dèlè nòminal pou trete yo a. Si demann ou an pa klèman yon avantaj ki kouvri, Direktè Egzekitif la pral egzaminen li epi li ka bezwen fè yon konsiltasyon ak Konseye Medikal NICA a. Pwosesis sa a ka rann dire tan pou tretman an pi long.

Yo trete demann ranbousman nan lòd yo resevwa yo a. W ap resevwa konfimasyon ke yo te resevwa demann ou an.

Fèy Lè Travay Yo

Yo trete fèy lè travay yo chak 2 semèn apati jou lendi yo pou peryòd ki fini nan samdi ki pase a (sa vle di apre yo te fin bay swen yo). Yo trete fèy lè travay yo pandan tout jounen lendi a epi yo soumèt yo pou peman lòske yo fin ranpli yo. Yon fwa peman an fin fèt, bank ou a ap mete fon yo disponib pou ou selon règleman li – Kèk bank ka mete l disponib depi madi, gen lòt ki ka pran plizyè jou anplis pou afiche li. Pou yo trete fèy lè travay ou a nan Lendi yo dwe resevwa li ak midi nan Lendi. Fèy lè travay yo resevwa apre lè sa a ka trete nan Madi.

Si gen yon ajans enfimiyè oswa PPEC ki enplike nan swen yon patisipan, NICA mande yon kopi pou lè enfimiyè yo nan ajans lan oswa oksilyè nan PPEC a pou konfime lè yo anvan yo trete nenpòt Fèy lè travay yo. Jesyonè dosye ou a ka mande dokiman sa a dirèkteman nan men founisè a, men dire tan tretman ka depann de tan repons founisè a.

Si gen plizyè responsab swen ak founisè, jesyonè dosye w la ap bezwen fèy lè travay/lè pou enfimiyè yo/oksilyè nan men tout pati yo anvan li ka kòmanse trete fèy lè travay yo pou peman. Sa a se pou asire ke pa gen okenn ka kote swen yo fèt an menm tan.

Si lendi se yon jou ferye, yo ap bay paran yo opòtinite pou yo remèt fèy lè travay yo pi bonè konsa nou ap ka trete peman yo vandredi ki vini anvan jou ferye a pou fon yo ka toujou disponib nan menm jou l te dwe ye si se te lendi nou te trete yo. Sepandan, moun ki gen lè ak ajans enfimiyè oswa oksilyè PPEC yo pa p ka soumèt fèy lè pou fè trete yo pi bonè.

Lè yon Jesyonè Dosye planifye konje, yo ka mande pou paran yo soumèt fèy lè travay yo pi bonè pou asire ke tretman yo fèt ak tan. Si yon paran pa kapab soumèt fèy lè travay pi bonè men li kapab toujou soumèt li ak midi nan lendi, yo ap toujou trete li ak tan.

Tanpri sonje ke, eksepte nan ka yo mansyone pi wo a kote lendi se yon jou ferye ak lansman peman yon vandredi, yo pa trete peman pou swen avan yo fin founi swen an.

Avantaj: Alokasyon Inisyal Pou Paran

Avantaj Retwoaktif yo:

Avantaj sa a disponib sèlman apre admisyon nan pwogram NICA a.

Deskripsyon:

Paran oswa responsab legal yon patisipan NICA gen dwa resewva yon alokasyon depi nan admisyon nan pwogram lan. Montan alokasyon yo mansyone anba a epi li ogmante ak 3% chak ane pou nouvo fanmi ki rejwenn pwogram lan.

Alokasyon Pou Paran pa ane:

- 2021 ak ane ki anvan yo: \$250,000.00
- 2022: \$257,500.00
- 2023: \$265,225.00
- 2024: \$273,181.75
- 2025: \$281,377.20

Dokiman ki nesèsè Medikalman:

Pa gen okenn dokiman pou nesèsite medikal ki obligatwa pou avantaj sa a.

Kondisyon pou Otorizasyon Alavans yo:

Pa gen okenn otorizasyon alavans ki obligatwa pou avantaj sa a.

Dokiman ki obligatwa yo pou ranbousman:

- Yon demann alekri ki sòti nan men tou de paran yo (si sa aplikab)

Enfòmasyon Adisyonèl:

Demann alokasyon paran an ka fèt nan yon vèsman konplè oswa an plizyè vèsman.

Eksklizyon oswa Limitasyon yo:

Pa gen okenn esklizyon oswa limit pou avantaj sa a.

Avantaj: Asistans Lojman

Avantaj Retwoaktif yo:

NICA ap onore demann ranbousman ki soumèt sou kat ane (an konfòmite ak Seksyon 95.11(3)(f) nan Lwa Florida yo) apati dat depans lan te fèt la si demann lan akonpanye ak dokiman ki apwopriye yo. Si depans lan te fèt anvan akseptasyon patisipan an nan pwogram NICA a, dire tan sa a pa aplikab, depi yo soumèt demann ranbousman yo nan yon delè kat ane apati dat akseptasyon patisipan an nan pwogram lan.

Deskripsyon:

Patisipan yo gen dwa ak yon avantaj asistans lojman jiska \$100,000 pandan dire lavi yo. Fanmi yo sèvi ak avantaj sa a nan divès fason, gen ladan yo (san sa pa limite ak):

- Amenajman fonksyonèl
- Nouvo konstriksyon Kay
- Ipotèk oswa peman lwaye mansyèl
- Depans demenajman pou yon lojman ki adapte
- Jeneratris pou alimante tout kay la
- Peman depo garanti pou achte yon nouvo kay

Tanpri kontakte jesyonè dosye w la pou nenpòt kesyon ak enfòmasyon sou dokiman ki obligatwa yo piske yo varye selon kalite depans lan.

Dokiman ki nesèsè Medikalman:

Pa gen okenn obligasyon pou dokiman nesèsite medikal ki lye ak avantaj sa a. Sepandan, NICA ka mande yon deklarasyon nan men paran an ki dekri kijan depans lan pral benefisye patisipan an si li pa klè depi nan demann inisyal la.

Kondisyon pou Otorizasyon Alavans yo:

Otorizasyon alavans pa obligatwa, sepandan, yo rekòmande fòtman pou w asire ke depans lan ranbousab.

Dokiman ki obligatwa yo pou ranbousman:

Egzijans jeneral pou dokiman yo prezante anba a, sepandan yo ka mande lòt eleman anplis selon kalite ranbousman yo mande a. Tanpri kontakte jesyonè dosye ou a pou plis enfòmasyon.

- Fakti ki detaye
- Prèv peman (si NICA sipoze ranbouse paran/responsab legal la)
- Jan sa mansyone anwo a, yo ka bezwen lòt dokiman tou selon kalite depans lan

Si yo bezwen fè yon transfè labank, dokiman sa yo obligatwa:

- Enfòmasyon kontak pou etablisman an 16
- Enstriksyon Bankè yo
- Direktiv alekri paran(yo)/gadyen legal(yo) sou montan ki dwe itilize nan Asistans Lojman an
- Dat fèmti a

Si li nesèsè pou yon peman fèt pa transfè labank, yo mande yon avi 72 èdtan alavans.

Enfòmasyon Adisyonèl:

Anvan 21 jen 2021, NICA te ranbouse jiska \$30,000 pou depans lojman.

Eksklizyon oswa Limitasyon yo:

Remete gaz pwopàn pa ranbousab dapre avantaj Asistans Pou Lojman an.

Depo montan sekirite yo pa ranbousab dapre Avantaj Pou Asistans Lojman an.

Avantaj: Avantaj Espesyal Anyèl

Avantaj Retwoaktif yo:

Pa gen okenn avantaj retwoaktif ki lye ak règleman sa a. Avantaj sa yo disponib sèlman apre admisyon yon patisipan nan pwogram NICA a. NICA ap onore demann alokasyon ki remonte jiska kat ane (an konfòmite ak Seksyon 95.11(3)(f), Lwa Florida yo), men se pa pou peryòd anvan admisyon nan pwogram nan.

Deskripsyon:

NICA ap ranbouse fanmi yo jiska \$500 chak ane sivil pou tout atik oswa eksperyans ki an rapò ak pi bon enterè patisipan yo.

Egzanp yo gen ladan yo:

- Jwèt ki Adapte
- Ekipman pisin pou lwazi
- Jwèt
- Aparèy elektwonik ki pa terapetik
- Pòsyon depans patisipan an pou yon sòti nan pak amizman

Dokiman pou Nesesite Medikal:

NICA pa egzije okenn dokiman pou nesesite medikal pou avantaj sa a.

Kondisyon pou Otorizasyon Alavans yo:

Otorizasyon alavans pa obligatwa pou avantaj sa a. Si yo pa sèten si yon atik kalifye pou ranbousman anba avantaj sa a, paran/responsab legal yo ka chwazi konsilte jesyonè dosye yo.

Dokiman ki obligatwa yo pou ranbousman:

- Yon eksplikasyon alekri ki sòti nan men paran an oswa responsab legal la konsènan jan atik la oswa eksperyans lan satisfè enterè patisipan an.
- Fakti
- Prèv acha (sa vle di resi, fakti ki peye, elatriye.) si yo ranbouse paran an dirèkteman

Enfòmasyon Adisyonèl:

Apati kòmansman avantaj ane 2021 an, nenpòt montan avantaj espesyal anyèl ki pa itilize ap repòte sou ane k ap vini yo san limit.

Eksklizyon oswa Limitasyon yo:

Yo pa ka itilize kòm prè pou kouvri yon acha aktyèl fon alokasyon espesyal anyèl pou ane ki vin apre yo.

Avantaj: Sèvis Sante Mantal

Dat efektif: 21/6/21

Avantaj Retwoaktif yo:

NICA ap onore demann ranbousman ki soumèt sou kat ane (an konfòmite ak Seksyon 95.11(3)(f) nan Lwa Florida yo) apati dat depans lan te fèt la si demann lan akonpanye ak dokiman ki apwopriye yo. Si depans lan te fèt anvan akseptasyon patisipan nan pwogram NICA a, dire tan sa a pa aplikab depi yo soumèt demann ranbousman an nan yon delè kat ane apati dat akseptasyon patisipan an nan pwogram nan.

Deskripsyon:

NICA kwè nan ankouraje byennèt patisipan li yo ak fanmi yo. Apati 21 jen 2021, NICA ap bay manm fanmi imedya yo (oswa gadyen legal ki rete avèk patisipan an) yon alokasyon anyèl jiska \$10,000 pou jwenn sèvis sante mantal nan men founisè ki lisansye selon Chapit 490 ak Chapit 491 Lwa Florida (oswa lwa ki similè nan lòt eta yo).

Founisè ki lisansye selon Chapit 490 ak Chapit 491 gen ladan yo:

- Sikològ yo
- Terapet pou Maryaj ak Fanmi
- Konseye Sante Mantal
- Travayè sosyal

Epitou sèvis sante mantal sikyat ki lisansye founi selon Chapit 458 Florida (oubyen lwa similè nan lòt eta yo) ap kalifye pou ranbousman. NICA ap peye tou pou nenpòt kopèman oswa dediksyon ki asosye ak sèvis sante mantal ki founi yo.

Dokiman ki nesèsè Medikalman:

Pa gen okenn dokiman pou nesèsite medikal ki obligatwa pou avantaj sa a.

Kondisyon pou Otorizasyon Alavans yo:

Pa gen okenn otorizasyon alavans ki obligatwa pou avantaj sa a, men yo ankouraje fanmi yo pou verifye ke founisè yo satisfè kalifikasyon lisans yo mansyone anwo a anvan yo fè depans yo.

Dokiman ki obligatwa yo pou ranbousman:

- Yon kopi lisans founisè ki kalifye a (jesyonè ou ap jwenn sa)
- Fakti ki dokimante sèvis yo resevwa
- Prèv peman oswa resi

Enfòmasyon Adisyonèl:

Nan ka kote yon patisipan mouri, fanmi yo kapab resevwa rès fon pou ane sivil sa pou sèvis sante mantal yo (jiska \$10,000), anplis yon fon adisyonèl pou de ane (jiska \$20,000) pou sèvis sante mantal yo jiskaske yo fin itilize montan an.

Eksklizyon oswa Limitasyon yo:

Sèvis jesyon medikaman yo pa ranbousab selon avantaj sa a.

Rekòmandasyon yo fè manm fanmi yo ki andeyò kad terapi a (pa egzanp preskripsyon medikaman, terapi masaj, yoga, elatriye) yo pa ranbousab dapre avantaj sa.

Avantaj: Swen Doktè ak Lopital

Avantaj Retwoaktif yo:

NICA ap onore demann ranbousman ki soumèt sou kat ane (an konfòmite ak Seksyon 95.11(3)(f) nan Lwa Florida yo) apati dat depans lan te fèt la si demann lan akonpanye ak dokiman ki apwopriye yo. Si depans lan te fèt anvan akseptasyon patisipan an nan pwogram NICA a, dire tan sa a pa aplikab, depi yo soumèt demann ranbousman yo nan yon delè kat ane apati dat akseptasyon patisipan an nan pwogram lan.

Deskripsyon:

NICA ap ranbouse vizit doktè ki lye ak swen ak tretman ki asosye ak twomatis newolojik nan nesans lan, ki gen ladan l kopèman ak dediksyon kote yo aplikab.

NICA ap ranbouse tou swen pasyan ki entèn epi ekstèn, ki gen ladan yo swen ijans ki lye ak tretman ki asosye ak twomatis newolojik nan nesans.

Sèvis sante mantal ke pwofesyonèl lisansye yo bay patisipan an ranbousab dapre avanataj sa a.

Dokiman ki nesèsè Medikalman:

NICA dwe gen dokiman sou randevou ranbousab la oswa ospitalizasyon tankou yon Eksplikasyon Pou Avantaj yo (Explanation of Benefits (EOB)), nòt randevou yo, ak/oswa nòt lopital/rezime egzayat la.

Kondisyon pou Otorizasyon Alavans yo:

Otorizasyon alavans pa obligatwa pou randevou ki nesèsè medikalman oswa sèvis lopital kote yo itilize asirans.

Pou sèvis ki andeyò kouvèti asirans yo, tanpri kontakte jesyonè dosye ou a pou diskite sou nesèsite pou itilize founisè ki pa nan rezò yo. Sonje ke si yon paran chwazi fè depans anvan otorizasyon alavans, yo p ap ka garanti ranbousman.

Dokiman ki obligatwa yo pou ranbousman:

- Dokiman pou nesèsite medikal ki mansyone anwo a
- Fakti ki detaye
- Prèv peman (si NICA sipoze ranbouse paran/responsab legal la)

Enfòmasyon Adisyonèl:

Nan kèk ka, NICA ka ranbouse depans pou yon dezyèm opinyon. Tanpri kontakte jesyonè dosye ou a davans pou detèmine kouvèti a.

Sèvis sante mantal pou manm fanmi imedya yo (oswa responsab legal ki abite avèk patisipan an) yo ranbousab selon règleman *Sèvis Sante Mantal* la, tanpri gade seksyon sa a pou plis enfòmasyon.

Eksklizyon oswa Limitasyon yo:

NICA pa ranbouse tretman ki pa nesèsè medikalman oswa ki pa gen rapò ak twomatis nan nesans lan.

Tanpri gade seksyon *Pwogram oswa Ekipman Eksperimantal Yo* pou plis enfòmasyon.

Avantaj: Tretman Dantè

(Dat Efektif: 1/1/2022)

Avantaj Retwoaktif yo:

NICA ap onore demann ranbousman ki soumèt sou kat ane (an konfòmite ak Seksyon 95.11(3)(f) nan Lwa Florida yo) apati dat depans lan te fèt la si demann lan akonpanye ak dokiman ki apwopriye yo. Si depans lan te fèt anvan akseptasyon patisipan nan pwogram NICA a, dire tan sa a pa aplikab depi yo soumèt demann ranbousman an nan yon delè kat ane apati dat akseptasyon patisipan an nan pwogram nan.

Deskripsyon:

NICA ap ranbouse oswa peye pou sèvis tretman dantè ki nesèsè medikalman yo epi ki gen rapò ak twomatis nan nesans lan, tankou:

- Sedasyon ak anestezi
- Depans lopital (si sa aplikab)
- detatraj
- Ekstraksyon dan
- Netwayaj dan ki depase de netwayaj regilye anyèl yo

Egzanp:

- Yon patisipan fè premye netwayaj regilye anyèl li an epi li bezwen sedasyon. Fakti a gen ladan l pri netwayaj la, radyografi ak sedasyon. NICA ka sèlman ranbouse paran an oswa peye etablisman an dirèkteman pou pri sedasyon an.

Gade seksyon Esklizyon ak Limit lan pou sèvis ki pa ranbousab nan avantaj sa a.

Dokiman ki nesèsè Medikalman:

NICA dwe gen dokiman randevou dantè a. Si gen dout sou fason kèk sèvis dantè gen rapò ak twomatis nan nesans lan, li ka nesèsè pou gen dokiman adisyonèl.

Kondisyon pou Otorizasyon Alavans yo:

Otorizasyon alavans obligatwa pou sèvis tretman dantè ki medikalman nesèsè yo. Si yon paran chwazi fè depans anvan otorizasyon alavans, yo pa p ka garanti ranbousman.

Dokiman ki obligatwa yo pou ranbousman:

- Dokiman pou nesèsite medikal ki mansyone anwo a
- Fakti ki detaye
- Prèv peman (si NICA sipoze ranbouse paran/responsab legal la)

Enfòmasyon Adisyonèl:

Pou randevou kote sèvis tretman dantè yo medikalman nesèsè epi ki gen rapò ak twomatis nan nesans lan, ranbousman pou frè Deplasman ap disponib.

Eksklizyon oswa Limitasyon yo:

NICA pa ranbouse pou sèvis tretman dantè sa yo:

- De netwayaj regilye anyèl
- De radyografi anyèl

Avantaj: Terapi entansif

(Dat Efektif 1 Janvyè 2024)

Avantaj Retwoaktif yo:

Pa gen okenn avantaj retwoaktif ki lye ak règleman sa a. Avantaj yo disponib sèlman apre dat efektif la.

Deskripsyon:

Terapi entansif anjeneral dire ant 1 ak 5 semèn pou youn oswa diferan kalite terapi (pa egzanp, terapi fizik, okipasyonèl, oswa langaj), ke yon terapet lisansye bay pandan plizyè èdtan chak jou, senk jou pa semèn. Nan kèk ka, kan ete ki gen ladan yo terapi yon terapet ki gen lisans fè, ka konsidere kòm sesyon terapi entansif.

NICA ap otorize yon sesyon entansif pou chak trimès pou chak kategori terapi. Yo defini yon trimès kòm yon peryòd 13 semèn ki kòmanse apati dat premye patisipasyon nan terapi entansif la. Pa egzanp, yon patisipan ka asiste terapi fizik entansif la ak yon terapi alimantasyon entansif la nan menm peryòd 13 semèn nan. Sepandan, pou terapi entansif nan menm kategori a ki dire 4 oswa 5 semèn yo, dwe gen yon diferans 9 semèn ant dat fen yon sesyon entansif ak kòmansman pwochen an. Sa se pou asire ke gen yon patisipasyon apwopriye pou kenbe kontinwite terapi a.

Men kèk egzanp:

- Yon patisipan ki asiste yon terapi fizik entansif 5 semèn sòti 10 fevriye 2025 pou rive 14 mas 2025. Pwochen fwa ke patisipan sa ap kalifye pou asiste yon lòt PT entansif ta dwe 16 me 2025, ki se 9 semèn apati 14 mas.
- Yon patisipan ki asiste yon terapi fizik entansif 2 semèn sòti 10 fevriye 2025 pou rive 21 fevriye 2025. Pwochen fwa ke patisipan sa ap kalifye pou asiste yon lòt PT entansif ta dwe nan kòmansman pwochen peryòd 13 semèn lan, ki ta dwe 12 me 2025, paske plis pase 9 semèn gentan pase depi fen terapi entansif inisyal la.
- Nan egzanp ki anwo yo, yon patisipan ta ka asiste tou nan Plastisite sèvo swa Terapi Alimantasyon oswa kèk lòt ki entansif ki se pa yon terapi fizik entansif pandan menm peryòd 13-semèn lan (10 fevriye 2025 jiska 12 me, 2025).

Terapi antretyen an dwe fèt selon pi bon pratik ki egziste pou kalite terapi sa a epi li dwe an konfòmite ak rekòmasyon founisè terapi entansif la. Lè NICA otorize yon sesyon terapi entansif, yo pral mande pou founisè a bay dokiman pou rekòmasyon sa yo lè yo soumèt fakti yo ak nòt terapi apre chak sesyon entansif.

Yo ka mande lèt refi asirans pou kèk sesyon entansif.

Egzanp sesyon entansif ki otorize avan:

Kategori	Espesyalite (si sa aplikab)*	Founisè yo itilize (plis ka ajoute nan tan kap vini an)
Terapi Fizik	Terapi fizik entansif	Ability Plus Therapy, Believe Pediatric Physical Therapy, First Step Therapy, John Hopkins Medicine, Kenny Rogers Children's Center, Kids PT By the Sea / Sarasota Pediatric Physical Therapy, NAPA Center, Neurowerks, Pediatric Therapy Associates, Starlight Intensive, Therapies4Kids
Terapi Fizik	Therasuit	Ability Plus Therapy, Believe Pediatric Physical Therapy, John Hopkins Medicine, Kenny Rogers Children's Center, Lampert's Home Therapy, Inc., NAPA Center, Neurowerks, Therapies4Kids
Terapi Fizik	Entèvansyon mouvman dinamik	Family First Therapy, Kids PT By the Sea / Sarasota Pediatric Physical Therapy, Starlight Intensive
Terapi Fizik	Inivèsèl Inite Egzèsis (Kaj)	Believe Pediatric Physical Therapy, John Hopkins Medicine
Terapi Fizik	Kontrent Induit Mouvman Terapi	Intensive Therapeutics
Terapi Okipasyonèl		Ability Plus Therapy, John Hopkins Medicine, Intensive Therapeutics, NAPA Center
Terapi Langaj		Ability Plus Therapy, Brave Bunch Summer Camp, Kenny Rogers Children's Center, Logos Therapy Group, NAPA Center
Manje terapi		NAPA Center, NJ Pediatric Feeding Associates
sèvo plastisite		Brainvive, Neurotru PLLC, Plasticity Center of Orlando
Vizyon		The Children's Home of Pittsburgh

* Espesyalite Entansif yo tout konsidere kòm Terapi fizik entansif se konsa sèlman yon kalite Espesyalite Entansif ka ale nan chak 3 mwa

Dokiman ki nesèsè Medikalman:

- **Premye Sesyon entansif:** Yo egzije yon lèt nesèsite medikal nan men doktè swen prensipal, sikyat, oswa newològ la.
 - Pou tout terapi fizik, terapi okipasyonèl, terapi langaj, ak terapi alimantasyon, yo egzije tou yon lèt nesèsite medikal nan men terapet patisipan an. Nan anpil ka, terapet la pral prepare lèt inisyal nesèsite medikal la, ak doktè a pral endike akò li ak rekòmandasyon an.
 - Yo egzije yon lèt nesèsite medikal pou plastisite sèvo entansif yo nan men yon newològ.
 - Yo egzije yon lèt nesèsite medikal separe pou chak kategori ak chak espesyalite terapi.
- **Sesyon entansif konsekitif yo:** Yo pa egzije okenn lèt nesèsite medikal, men dokiman yo dwe montre prezans regilye nan nenpòt terapi antretyen rekòmande depi dènye entansif la. Terapi antretyen dwe respekte règleman aktyèl lan (pa egzanp dwe genyen yon terapet lisansye ki founi l selon yon plan swen ke yon doktè apwouve, elatriye.) Eksepte nan ka sa yo:
 - Pou plastisite sèvo, si yo rekòmande terapi antretyen se pou egzèsis moun fè lakay yo sèlman (kontrèman ak terapi), yo ap mande paran an konfime ke li te fè egzèsis antretyen yo te preskri pou kalite terapi entansif sa a.

Kondisyon pou Otorizasyon Alavans yo:

Otorizasyon alavans obligatwa pou tout sesyon entansif yo. Sonje ke si yon paran chwazi planifye yon randevou entansif anvan otorizasyon, yo pa ka garanti ranbousman jiskaske entansif la otorize.

Dokiman ki obligatwa yo pou ranbousman:

- Nòt terapi yo
- Fakti
- Anplis sa ki mansyone anwo a, si yo sipoze fè ranbousman pou paran, prèv peman pou founisè a (pa egzanp, chèk ki anile, relve bankè, relve kat kredi oswa fich vant, resi vandè, elatriye.)

Enfòmasyon Adisyonèl:

Pa gen okenn enfòmasyon adisyonèl pou règleman sa a.

Eksklizyon oswa Limitasyon yo:

Rankont ki pa fèt sèlman pou bay patisipan an swen dirèk ap eskli.

Avantaj: Preskripsyon Medikaman ak Frè Deplasman pou Famasi

Avantaj Retwoaktif yo:

NICA ap onore demann ranbousman ki soumèt sou kat ane (an konfòmite ak Seksyon 95.11(3)(f) nan Lwa Florida yo) apati dat depans lan te fèt la si demann lan akonpanye ak dokiman ki apwopriye yo. Si depans lan te fèt anvan akseptasyon patisipan an nan pwogram NICA a, dire tan sa a pa aplikab, depi yo soumèt demann ranbousman yo nan yon delè kat ane apati dat akseptasyon patisipan an nan pwogram lan.

Deskripsyon:

NICA pral ranbouse depans pou preskripsyon medikaman yo. Yo pral tou ranbouse frè deplasman pou medikaman ki gen rapò ak twomatis nan nesans lan.

Dokiman ki nesèsè Medikalman:

Yo pral sèvi ak yon preskripsyon kòm dokiman nesèsite medikal; sepandan, yo ka mande nòt medikal oswa yon lèt nesèsite medikal si rapò ki genyen ant medikaman an ak twomatis nan nesans lan pa klè.

Refere ou ak seksyon *Vwayaj pou Swen Lokal* nan Manyèl Avantaj la pou tarif ranbousman frè deplasman yo.

Kondisyon pou Otorizasyon Alavans yo:

Otorizasyon alavans pa obligatwa pou ranbousman.

Dokiman ki obligatwa yo pou ranbousman:

Pou preskripsyon medikaman yo

- Yon kopi etikèt medikaman an oswa lòt dokiman ki montre nimewo preskripsyon an, non ki sou preskripsyon, ak non medikaman an
- Dokiman pou nesèsite medikal ki mansyone anwo a (si sa aplikab)
- Lèt refi asirans (si sa aplikab)

Konsènan Marigwana Medikal

- Yon kopi kat marigwana medikal patisipan an ak paran an
- Resi oswa fakti ki peye
- Yon kopi paj 'Open Orders' ki sòti nan Rejis Itilizasyon Marigwana Medikal Florida a (Florida Medical Marijuana Use Registry)
- Dokiman pou nesèsite medikal ki mansyone anwo a (si sa aplikab)

Pou Frè Deplasman

- Resi oswa lòt dokiman ki montre dat yo te pran yo

Enfòmasyon Adisyonèl:

Efektif 1/1/24, yo ka sèvi ak kopi rejis famasi patisipan an ka itilize kòm dokiman pou ranbousman olye dokiman sa ki mansyone anwo yo preskripsyon medikaman ak frè deplasman yo. Nan ka sa a, y ap ranbouse frè deplasman yo plizyè fwa nan yon mwa sèlman si gen omwen 10 jou diferans ant chak dat yo bay preskripsyon yo nan famasi ak dat ki nan rejis famasi a.

Men yon egzanp:

- Yon paran soumèt rejis famasi a pou ranbousman frè deplasman paske li pa t kenbe resi famasi yo. Rejis famasi a montre dat yo bay preskripsyon yo se nan 7/1/25, 7/2/25, 7/7/25, ak 7/21/25. Avèk dat yo bay preskripsyon sa yo kòm dokiman sipò, se sèlman de vwayaj ale-retou nan frè deplasman yo ap ranbouse paran an (7/1/25 ak 7/21/25).

Eksklizyon oswa Limitasyon yo:

Kèlkeswa distans lan, yo ap bay sibvansyon pou repa jounalye ak alokasyon pou enprevi pou deplasman ki fèt pou ale nan famasi a.

Avantaj: Kontra Asirans ak Kotizasyon yo

Avantaj Retwoaktif yo:

NICA ap onore demann ranbousman ki soumèt sou kat ane (an konfòmite ak Seksyon 95.11(3)(f) nan Lwa Florida yo) apati dat depans lan te fèt la si demann lan akonpanye ak dokiman ki apwopriye yo. Pou fanmi ki antre nan pwogram la nan oswa apre 1 janvye 2022, si depans lan te fèt anvan akseptasyon patisipan an nan pwogram NICA a, dire tan sa a pa aplike osi lontan ke demann ranbousman yo soumèt nan kat ane nan akseptasyon nan pwogram nan.

Deskripsyon:

NICA ranbouse fanmi yo pou depans asirans sante patisipan an. Anplis kouvèti asirans swen sante a, apati 7/1/25, NICA pral ranbouse fanmi yo depans kotizasyon asirans dantè patisipan an.

Pou patisipan ki kalifye pou Florida Medicaid, NICA ranbouse Ajans Administrasyon Swen Sante a (Health Care Administration) pou depans kotizasyon sa yo.

Si ou bezwen asistans pou jwenn asirans sante, tanpri enfòmè w sou avantaj sa a avèk Jesyonè Dosye Enfimye ou a. Sou demann paran NICA ka ranbouse founisè asirans lan dirèkteman.

Dokiman pou Nesesite Medikal:

Yo pa egzije dokiman nesosite medikal pou avantaj sa a.

Kondisyon pou Otorizasyon Alavans yo:

Otorizasyon alavans pa obligatwa pou avantaj sa a.

Dokiman ki obligatwa yo pou ranbousman:

Kopi dokiman kouvèti ak kotizasyon an ki montre pòsyon patisipan an. Si dokiman an pa presize espesifikman pòsyon patisipan an, yo ap divize montan total kotizasyon an pa kantite moun ki sou plan an pou detèmine pòsyon patisipan an.

- Si NICA peye founisè asirans lan dirèkteman, yo p ap egzije okenn dokiman adisyonèl.

Si paran an ap mande ranbousman, fòk yo bay prèv peman an.

Si ranbousman an konsène yon plan anplwayè ki finance atravè dediksyon sou pewòl, anplwayè a dwe bay dokiman ki montre montan dediksyon an (anjeneral yon lèt ki soti nan depatman pewòl konpayi an), oswa paran an ka bay li atravè yon bilten pèman. Yo egzije dokiman sa a lè yo etabli avantaj la ak nenpòt ki lè montan an chanje. Fanmi yo dwe enfòmè NICA si gen yon chanjman nan anplwa yo.

Enfòmasyon Adisyonèl:

Nan kèk ka, NICA ka ranbouse kotizasyon pou plan asirans segondè yo. Tanpri kontakte jesyonè dosye w la pou plis enfòmasyon.

Eksklizyon oswa Limitasyon yo:

Si gen yon mank nan kouvèti asirans lan ak depans ke asirans lan ta dwe kouvri, NICA p ap ranbouse pou atik sa yo.

Avantaj: Alokasyon Elektrisite

(Dat Efektif: 15 Oktòb 2021)

Avantaj Retwoaktif yo:

Pa gen okenn avantaj retwoaktif ki lye ak règleman sa a. Avantaj yo disponib sèlman apre dat aplikasyon an epi yo ka peye apati 1ye nan mwa ki swiv admisyon patisipan an nan pwogram lan. NICA ap onore demann ranbousman ki soumèt sou kat ane (an konfòmite ak Seksyon 95.11(3)(f) nan Lwa Florida yo) men pa avan dat efektif la.

Deskripsyon:

Sou demann, NICA ap peye fanmi yo yon alokasyon mansyèl pou konpanse depans elektrisite adisyonèl ki gen rapò ak itilizasyon ekipman ki medikalman nesèsè ki asosye ak andomajman newolojik patisipan an. Montan alokasyon mansyèl la pou ane 2021 an te \$100, yo ajiste li dapre endis pri pou chak kilowat-èdtan Biwo Estatistik Travay Etazini (U.S. Bureau of Labor Statistics) pou rejyon Sid Atlantik la. Yo ap ajiste alokasyon an chak 1ye janvyè pou reflekte pousantaj chanjman nan pri kilowat-èdtan an selon tarif mwa novanm ane anvan an. Gade seksyon Enfòmasyon Adisyonèl lan pou jwenn yon rejis montan alokasyon yo.

Pou kalifye pou alokasyon yo, patisipan an ap bezwen tonbe anba youn nan de kategori sa yo:

- Kategori 1: Patipisan an gen depans elektrisite adisyonèl ki lye ak itilizasyon youn nan ekipman sa yo: yon kabann elektrik, yon konsantratè oksijèn, oswa yon aparèy CPAP/BIPAP.
- Kategori 2: Patipisan an gen depans elektrisite adisyonèl ki lye ak itilizasyon yon ponp alimentasyon, yon machin siksyon, ak yon twazyèm ekipman ki medikalman nesèsè.

Dokiman ki nesèsè Medikalman:

Yon lis ekipman medikal ki medikalman nesèsè ki aktyèlman ap itilize nan kay la.

Kondisyon pou Otorizasyon Alavans yo:

Otorizasyon alavans pa obligatwa pou avantaj sa a; sepandan, yo founi avantaj sa a sèlman sou demann fanmi patisipan an.

Dokiman ki obligatwa yo pou ranbousman:

- Yon fwa ke yo etabli nesèsite medikal la atravè dokiman ki mansyone anwo a, p ap gen okenn dokiman adisyonèl ki ap nesèsè pou peman mansyèl yo.

Enfòmasyon Adisyonèl:

Rejis montan alokasyon yo prezante nan fason sa a:

- 2021 \$100
- 2022 \$100
- 2023 \$118
- 2024 \$120
- 2025 \$123

Eksklizyon oswa Limitasyon yo:

Aparèy pou kay tankou machin pou lave ak sechwa pa ekipman ki medikalman nesèsè epi yo p ap konsidere ke yo kalifye pou avantaj sa a.

Avantaj: Alokasyon pou Manje Frè

Etabli: 1ye Oktòb 2022

Avantaj Retwoaktif yo:

Pa gen okenn avantaj retwoaktif ki an lye ak règleman sa. Avantaj yo disponib sèlman apre dat aplikasyon an epi yo ka peye apati 1ye nan mwa ki swiv admisyon patisipan an nan pwogram lan. NICA ap onore demann alokasyon ki remonte jiska kat ane (an konfòmite ak Seksyon 95.11(3)(f), Lwa Florida yo).

Deskripsyon:

Apati 1ye oktòb 2022, pou patisipan ki pa kapab gen yon rejim alimantè nòmal epi ki bezwen manje mou/pire akòz yon pwoblèm nan sistèm dijestif ki gen rapò ak andomajman newolojik la, NICA ap bay yon alokasyon mansyèl pou manje fèk prepare, pou yo prepare pire nan kay la, kòm yon altènativ ak ranbousman pou depans pwodwi nitrisyonèl espesyalize yo (jan sa dekri nan yon règleman). Alokasyon mansyèl la baze sou Plan Alimantè Ekonomik (Thrifty Food Plan) USDA a, ki estime depans mansyèl pou yon rejim alimantè nitrisyonèl selon laj. Alokasyon mansyèl la ap baze sou rapò Plan Alimantè Ekonomik USDA (Depatman Agrikilti Ameriken) an [pou mwa novanm 2024 la](#). NICA ap mete ajou montan alokasyon mansyèl la pou fanmi yo chak 1ye janvyè dapre rapò mwa novanm ane anvan an. An aplikasyon 1/3/2024, avantaj sa ap disponib apati 1 an.

Dokiman pou Nesesite Medikal:

Fanmi yo dwe bay yon lèt nesosite medikal oswa nòt medikal ki apwopriye nan men doktè a, ki dokimante ke patisipan an pa kapab gen yon rejim alimantè nòmal epi li bezwen manje mou/pire akòz yon pwoblèm nan sistèm dijestif ki gen rapò ak andomajman newolojik la.

Kondisyon pou Otorizasyon Alavans yo:

Otorizasyon alavans pa obligatwa pou avantaj sa a; sepandan, yo founi avantaj sa a sèlman sou demann fanmi patisipan an.

Dokiman ki obligatwa yo pou ranbousman:

Yon fwa ke yo etabli nesosite medikal la atravè dokiman ki mansyone anwo a, p ap gen okenn dokiman adisyonèl ki ap nesese pou peman mansyèl yo.

Enfòmasyon Adisyonèl:

Pa gen okenn enfòmasyon adisyonèl pou avantaj sa a.

Eksklizyon oswa Limitasyon yo:

Si fanmi yo chwazi Sibvansyon Mansyèl pou Manje ki Nourisan an, pa pral gen okenn ranbousman pou pwodwi nitrisyonèl espesyalize yo (gade Règleman sou Pwodwi Nitrisyonèl Espesyalize yo pou egzanp). Fanmi ki ap resevwa lèt tibebe atravè asirans, WIC, oswa SNAP pa kalifye pou resevwa alokasyon pou manje frè a. Anplis de sa, fanmi k ap resevwa Sibvansyon pou Manje ki Nourisan an p ap kapab resevwa repa pou vwayaj yo ak alokasyon pou depans enprevi pou patisipan an.

Avantaj: Pwodwi nitrisyonèl Espesyalize yo

Avantaj Retwoaktif yo:

NICA ap onore demann ranbousman ki soumèt sou kat ane (an konfòmite ak Seksyon 95.11(3)(f) nan Lwa Florida yo) apati dat depans lan te fèt la si demann lan akonpanye ak dokiman ki apwopriye yo. Si depans lan te fèt anvan akseptasyon patisipan an nan pwogram NICA a, dire tan sa a pa aplikab, depi yo soumèt demann ranbousman yo nan yon delè kat ane apati dat akseptasyon patisipan an nan pwogram lan.

Deskripsyon:

Pou patisipan ki pa kapab gen yon rejim alimantè nòmal epi ki bezwen manje ki prepare mou/pire akòz yon disfonksyonman nan sistèm dijestif ki gen rapò ak andomajman newolojik la, NICA ap ranbouse depans pou pwodwi nitrisyonèl espesyalize ki nan anbalaj (tankou manje pire pou tibebe, lèt tibebe pou tib gastrik, dlo distile pou lèt tibebe, elatriye.) An aplikasyon 1/3/2024, avantaj sa a disponib apati 1 an. Fanmi yo ka altènativman chwazi pou resevwa Alokasyon pou Manje Frè a ke yo dekri nan yon règleman ki separe.

Dokiman pou Nesesite Medikal:

Fanmi yo dwe bay yon lèt neseseite medikal oswa nòt medikal ki apwopriye nan men doktè a, ki dokimante ke patisipan an pa kapab gen yon rejim alimantè nòmal epi li bezwen manje mou/pire akòz yon pwoblèm nan sistèm dijestif ki gen rapò ak andomajman newolojik la. Pou kouvèti dlo distiye, yo egzije yon lèt neseseite medikal ki presize ke yo dwe itilize dlo distiye.

Kondisyon pou Otorizasyon Alavans yo:

Otorizasyon alavans pa obligatwa pou avantaj sa a; sepandan, yo bay avantaj sa a sèlman sou demann fanmi patisipan an.

Dokiman ki obligatwa yo pou ranbousman:

- Dokiman pou neseseite medikal ki mansyone anwo a
- Prèv acha (sa vle di resi, fakti ki peye, elatriye.) OSWA fakti ki sòti nan men vandè a si NICA ap peye vandè a dirèkteman

Enfòmasyon Adisyonèl:

Blenndè

Anplis avantaj ki mansyone anwo a, NICA ap ranbouse fanmi ki gen patisipan ki bezwen yon rejim alimantè ki prepare mou/pire jiska \$500 pou yon blenndè chak twazan. Fanmi yo dwe soumèt yon resi ak nenpòt demann ranbousman an pou yon blenndè epi yo ka egzije yon dokiman neseseite medikal.

Egzijans laj ki asosye ak ranbousman sou pwodwi nitrisyonèl espesyalize yo, oswa Alokasyon mansyèl pou Manje Frè a pa aplikab nan acha yon blenndè. Avantaj sa a disponib pou fanmi yo kèlkeswa yo chwazi Alokasyon pou Manje Frè a oswa non.

Eksklizyon oswa Limitasyon yo:

Si fanmi yo chwazi ranbousman pou pwodwi nitrisyonèl espesyalize yo, yo p ap kalifye pou Sibvansyon mansyèl Pou Manje ki Nourisan. Fanmi ki gen pitit yo ki pa kapab gen yon rejim alimantè nòmal p ap kapab resevwa okenn repa pou vwayaj ak alokasyon pou enprevi pou patisipan an.

Atik yo achte ak kat WIC oswa SNAP EBT (oswa lòt fon asistans piblik) pa kalifye pou ranbousman nan avantaj sa a.

Avantaj: Pwogram oswa Ekipman Eksperimantal Yo

Deskripsyon:

NICA ranbouse sèvis ak ekipman ki nesèsè medikalman epi ki gen rapò ak twomatis nan nesans lan. Nou evalye ak anpil atansyon sekirite, efikasite, epi pi bon pratik yo anvan nou apwouve nenpòt sèvis oswa atik ki rekòmande yo. Kidonk, menm si NICA pran an konsiderasyon tout rekòmandasyon founisè yo, se pa tout sèvis oswa atik ki pral apwouve. NICA pa ranbouse pwogram eksperimantal oswa depans pou jwenn ekipman eksperimantal.

Pou plis presizyon ak transparans, yo pa konsidere pratik sa yo kòm swen estanda pou dyagnostik ki prezante la yo epi se poutèt sa yo pa ranbousab, sa a gen ladan l men li pa limite ak:

- Aparèy Bioness L300 pou jesyon feblès newomiskilè ki lye ak twomatis nan sèvo oswa paralizi serebral.
- Krionewoliz (Cryoneurolysis) pou trete spastisite (kontraksyon miskilè).
- Enbrel (piki nan kolòn vètebral) pou trete spastisite (kontraksyon miskilè) ki lye ak ensefalopati iskemik-iposik epi ak paralizi serebral.
- Terapi ak òmòn kwasans pou trete paralizi serebral.
- Terapi ak presyon oksijèn ki eleve (Hyperbaric oxygen therapy) pou trete paralizi serebral
- Terapi selil souch pou jesyon paralizi serebral.

Avantaj: Transpò Fyab

Avantaj retwoaktif yo:

Yo te kreye Avantaj Pou Transpò a nan Lwa Eta Florida ki an aplikasyon apati 21 jen 2021. Anvan dat sa a, NICA te gen yon règleman pou veyikil ki amenaje yo sèlman. Pou fanmi ki pa gen yon veyikil NICA, NICA ka “modifye” yon veyikil ki egziste deja pou li vin yon veyikil NICA nan oswa apre dat 21 jen 2021, men sa pa kouvri depans ki te fèt depi plis pase katran. Diskite ak jesyonè w la si w gen kesyon sou opsyon sa a.

Deskripsyon:

Lè yon patisipan bezwen yon mwayen transpò ki fyab, NICA ap kowòdone acha yon veyikil ki fyab oubyen yon veyikil ki amenaje sou demann paran an.

Yo ap mete non NICA antanke benefisyè privilejye sou papye pwopriyete veyikil la. Sepandan, papye veyikil la ap sou non paran oswa responsab legal yo kòm jeran pou patisipan an, dapre Lwa Florid sou Transfè Byen bay Minè (Florida Uniform Transfer to Minors Act) (oswa kèlkeswa sa ki apwopriye selon lwa yon lòt eta).

Antanke yon benefisyè privilejye, NICA peye epi/oswa ranbouse eleman depans sa yo:

- Montan pou acha veyikil la ak depans ki asosye ak posesyon yo
- Plak machin/anrejistremen ak renouvèlman
- Depans antretyen yo
- Kouvèti asirans nan limit minimòm ki fikse nan Kontra Machin lan. Yo dwe mete NICA kòm benefisyè privilejye sou asirans lan.

Veyikil lokasyon yo:

"NICA ap fè aranjman pou yon veyikil lokasyon lè yo ap repare machin pou transpò fyab patisipan an.

Dokiman pou Nesesite Medikal:

Pa gen okenn dokiman pou nesosite medikal ki asosye ak avantaj sa a.

Egzijans pou otorizasyon alavans:

Antretyen:

Otorizasyon alavans obligatwa pou nenpòt depans antretyen ki depase \$500.00. Si yon paran chwazi peye pou yon depans ki lye ak yon veyikil ki depase \$500.00 anvan otorizasyon an, yo p ap ka garanti ranbousman an.

Veyikil lokasyon yo:

Otorizasyon alavans obligatwa pou jwenn yon veyikil lokasyon epi yo ta dwe fèt atravè Kowòdonatè Transpò NICA a. Si yon paran chwazi peye pou yon machin lokasyon anvan otorizasyon an, yo pa ka garanti ranbousman an.

Dokiman ki obligatwa yo pou ranbousman:

Pou kòmanse pwosesis la pou jwenn yon machin ki fyab oswa yon veyikil ki amenaje, yo dwe founi sa yo:

- Prèv asirans aktyèl machin lan ak yon lisans ki valid.

Depans ki gen rapò ak machin yo (tankou reparasyon ak antretyen):

- Fakti
- Prèv peman (sa vle di resi, fakti ki peye, elatriye.) si NICA ap ranbouse paran an

Enfòmasyon Adisyonèl:

NICA ap ranplase machin nan chak sèt an oswa chak 150,000 mil (241,401 km), selon ka ki premye prezante a.

Fanmi ki pa bezwen sèvi ak yon machin ankò dwe remèt li bay NICA nan bon eta fonksyonman nan yon delè 60 jou apre dènye itilizasyon an.

Konsilte seksyon Vwayaj nan Manyèl Avantaj la pou enfòmasyon sou ranbousman lòt depans ki lye ak machin (ki vle di frè pasaj otowout, frè pakin, ak ranbousman pou frè depasman)

"Kontra Machin nan gen detay adisyonèl sou kondisyon pou sèvi ak machin NICA a ak lòt limit nan kouvèti asirans lan.

Eksklizyon oswa Limitasyon yo:

NICA ap bay yon machin pa patisipan sèlman.

NICA ap ranbouse kouvèti asirans sèlman pou itilizasyon paran an fè ak machin nan. NICA p ap ranbouse okenn ogmantasyon nan pri kotizasyon asirans lan ki ta lye ak yon move dosye kondwi sou paran an, oswa pou okenn lòt chofè adisyonèl. Mank konfòmite ak kondisyon asirans yo ka lakòz ou pèdi veyikil la oswa pou yo ranplase veyikil la.

Kontravansyon oswa amann paran an pran pandan l ap sèvi ak veyikil NICA a ap sou responsablite paran an epi NICA p ap ranbouse yo.

Ranbousman pou Vwayaj

NICA ap ranbouse depans ki fèt lè yon patisipan NICA ap fè vwayaj ale-retou pou ale nan randevou ki medikalman nesèsè yo, tankou vizit doktè, terapi, oswa lòt vwayaj ki nesèsè medikalman. NICA ap ranbouse frè depasman ki asosye ak vwayaj pou ale nan famasi a pou preskripsyon ki lye ak twomatis nan nesans patisipan an (gade seksyon Preskripsyon Medikaman ak Frè Depasman pou Famasi pou dokiman obligatwa yo), ak vwayaj ki lye ak founiti iregilye/ ekipman yo (Pa egzanz, avèk yon dokiman ki apwopriye a yo ka ranbouse frè vwayaj ale-retou pou fè reparasyon si ta gen yon ekipman ki kraze epi ki nesèsite repare). Efektif 1/4/2024, ak yon rejis pou prezans, NICA ap ranbouse frè depasman pou PPEC ak pou pwogram lekòl pou bezwen espesyal kote patisipan an resevwa sèvis ki medikalman nesèsè (tanpri kontakte jesyonè dosye w la pou konnen si lekòl patisipan ou a kalifye pou ranbousman frè depasman). Li enpòtan pou souliye ke, kèlkeswa distans lan, yo pa fè ranbousman pou frè depasman PPEC ak sibvansyon pou repa jounalye ak alokasyon pou enprevi a.

Si yo kondwi pou mennen patisipan an, NICA ap ranbouse frè pakin yo ak frè pasaj otowout (lè yo soumèt resi yo), avèk dokiman pou frè depasman selon tarif sa yo:

- Lè w itilize transpò ki fyab:
 - Yo ap ranbouse frè depasman pou randevou medikal oswa vwayaj ki te apwouve alavans yo de fwa valè tarif GSA a pou veyikil gouvènman an founi.
- Lè w itilize yon veyikil pèsonèl:
 - Yo ap ranbouse frè depasman pou randevou medikal oswa vwayaj ki te apwouve alavans yo selon tarif GSA a pou yon veyikil prive.

Pou jwenn ranbousman frè depasman an, NICA dwe gen dokiman pou randevou ranbousab patisipan an te asiste a. Enfimyè ki Jesyonè Dosye patisipan an pral kalkile ranbousman frè depasman an ap sèvi ak adrès lokal paran oswa responsab legal la te bay yo. Si paran an oswa responsab legal la vle pou yo sèvi ak yon plan itinèrè espesifik pou ranbousman an, li dwe bay Enfimyè ki Jesyonè Dosye a kopi itinèrè li te swiv pou rive nan lokal la pou fè ranbousman an

Lè yon patisipan dwe fè yon vwayaj ale senp swa plis pase 30 mil (48 km) oswa ki dire plis pase 45 minit sòti lakay li pou yon randevou medikal, terapi, oswa nenpòt lòt vwayaj ki ranbousab, NICA ap ranbouse depans pou repa ak alokasyon pou enprevi selon tarif GSA pou yon jou vwayaj (75% nan alokasyon jounalye a) pou jiska de responsab swen epi pou patisipan an, si sa aplikab. (Sa vle di patisipan an kapab manje nan bouch, li pa gen okenn disfonksyonman nan sistèm dijestif li ki anpeche li manje nan bouch, epi li pa ap resevwa ranbousman pou pwodwi nitrisyonèl espesyalize oswa Alokasyon Mansyèl pou Manje Ki Nourisan.) Yo pa egzije okenn resi. Konnen ke tarif yo itilize a se tarif ki an vigè nan vil destinasyon an.

Lè patisipan an ak yon paran/responsab legal vwayaje nan yon distans ki omwen 50 mil (80 km) sòti lakay yo epi yo dwe pase nwit la, NICA ap ranbouse depans lojman yo selon pri aktyèl la jiska 1.3 fwa valè tarif GSA a pou lojman an (plis enpo sou vant ki aplikab) pou vil destinasyon an.

Yo ap ranbouse frè repa ak depans pou enprevi yo tou pou vwayaj ki mande pou pase nwit an konfòmite ak règleman GSA yo, pou jiska de responsab swen ak patisipan NICA a, si sa aplikab.

Apati 1ye Janvyè 2022, si patisipan an dwe vwayaje nan avyon, NICA ap ranbouse frè tikè avyon pou klas ekonomik la pou patisipan an ak de paran/responsab legal epi y ap ranbouse depans lojman yo selon pri reyèl la jiska 1.3 fwa valè tarif pou lojman GSA a. Konnen ke tarif GSA a fèt pou kouvri tout vwayajè yo.

Lè ou soumèt resi yo, NICA ka ranbouse depans transpò ki medikalman nesèsè ki pa t mansyone anwo a. Tanpri, kontakte Jesyonè Enfimyè Dosye w ou si ou gen kesyon sou ranbousman lòt depans ki lye ak vwayaj yo.

An aplikasyon 1/9/23, lè yon patisipan ospitalize, kèlkeswa distans lopital la, yo ap ranbouse frè depasman medikal ak alokasyon jounalye pou jiska de responsab swen. Yo ka ranbouse frè depasman pou yon sèl vwayaj ale-retou pa jou sèlman. Pou paran ki chwazi rete pase nwit nan lopital la ak patisipan an, yo ap ranbouse depans jounalye pou jou admisyon an ak jou egzeyat la selon tarif GSA a pou jou vwayaj la (75% nan alokasyon jounalye a), pou jou ki ant admisyon an ak jou li soti a, y ap ranbouse yo selon tarif konplè jounalye a. Si paran an pa rete nwit nan lopital la avèk patisipan an, yo ap ranbouse alokasyon jounalye selon tarif GSA pou jou vwayaj la (75% nan alokasyon jounalye a) pou chak jou patisipan ap ospitalize a.

Avantaj: Vwayaj Pou Swen Lokal

Avantaj Retwoaktif yo:

NICA ap onore demann ranbousman ki soumèt sou kat ane (an konfòmite ak Seksyon 95.11(3)(f) nan Lwa Florida yo) apati dat depans lan te fèt la si demann lan akonpanye ak dokiman ki apwopriye yo. Si depans lan te fèt anvan akseptasyon patisipan an nan pwogram NICA a, dire tan sa a pa aplikab, depi yo soumèt demann ranbousman yo nan yon delè kat ane apati dat akseptasyon patisipan an nan pwogram lan.

Deskripsyon:

Vwayaj pou Swen Lokal se vwayaj ale senp ki mwens pase 50 mil (80 km) epi ki pa nesèsè pou rete pase yon nwit. Gade Règleman sou Vwayaj ak Nwit Deyò a.

NICA ap ranbouse depans vwayaj (ki dekri anba a) ki fèt lè yon patisipan NICA vwayaje ale-retou pou randevou medikalman nesèsè, tankou vizit doktè ak terapi yo.

Frè deplasman, frè pakin, ak frè pasaj otowout:

Yo ranbouse frè deplasman pou randevou medikalman ki nesèsè yo nan fason sa a:

- Lè ou ap itilize yon veyikil NICA:
 - Yo ap ranbouse frè deplasman pou randevou medikal oswa vwayaj ki te apwouve alavans yo de fwa valè tarif GSA a pou veyikil gouvènman an founi.
 - Tarif frè deplasman yo:
 - Apati 1/1/2025: \$0.42/km (mil)
 - Apati 1/1/2024: \$0.42/km (mil)
 - Apati 1/1/2023: \$0.44/km (mil)
 - Apati 1/7/2022: \$0.44/km (mil)
 - Apati 1/4/2022: \$0.36/km (mil)
 - Avan 4/1/2022: \$0.23/km (mil)
- Lè w itilize yon veyikil pèsònèl:
 - Yo ap ranbouse frè deplasman pou randevou medikal oswa vwayaj ki te apwouve alavans yo selon tarif GSA a pou yon veyikil prive.
 - Tarif frè deplasman yo:
 - Apati 1/1/2025: \$0.70/km (mil)
 - Apati 1/1/2024: \$0.67/km (mil)
 - Apati 1/1/2023: \$0.655/km (mil)
 - Apati 1/7/2022: \$0.625/km (mil)
 - Apati 1/4/2022: \$0.585/km (mil)
 - Avan 4/1/2022: \$0.445/km (mil)

Frè pakin aktyèl ak frè pasaj otowout yo ap tou ranbouse pou randevou medikalman nesèsè.

Anplis de randevou medikalman nesèsè yo, NICA ap ranbouse frè deplasman sèlman (sa pa enkli frè pakin oswa frè pasaj otowout) pou rezon sa yo:

- Frè deplasman ki asosye ak vwayaj pou ale nan famasi a pou preskripsyon ki lye ak twomatis nan nesans patisipan an (gade seksyon Preskripsyon Medikaman ak Frè Deplasman pou Famasi pou dokiman obligatwa yo).
- vwayaj ki lye ak founiti iregilye/ ekipman yo. Pa egzanp, yo ap ranbouse frè vwayaj ale-retou pou fè reparasyon si ta gen yon ekipman ki kraze epi ki nesèsite repare.
- An aplikasyon 1/4/2024, NICA ap ranbouse frè deplasman pou PPEC ak pou pwogram lekòl pou bezwen espesyal kote patisipan an resevwa sèvis ki medikalman nesèsè tankou terapi (tanpri kontakte jesyonè dosye w la pou konnen si lekòl patisipan ou a kalifye pou ranbousman frè deplasman). Yo egzije rejis pou prezans yo pou ranbousman an.

Frè Repa ak Enprevi yo:

Lè yon patisipan dwe fè yon vwayaj ale senp swa plis pase 30 mil oswa ki dire plis pase 45 minit sòti lakay li pou yon randevou medikal, terapi, oswa nenpòt lòt vwayaj ki ranbousab, NICA ap ranbouse depans pou repa ak alokasyon pou enprevi selon tarif GSA a pou jou vwayaj la (75% nan alokasyon jounalye a) pou jiska de responsab swen. NICA ap bay tou menm sibvansyon pou patisipan NICA a si patisipan kapab manje nan bouch, li pa gen okenn disfonksyonman nan sistèm dijestif li ki anpeche li manje nan bouch, epi li pa ap resevwa ranbousman pou pwodwi nitrisyonèl espesyalize ki anbale yo oswa Alokasyon Mansyèl pou Manje Ki Nourisan.

Ranbousman Vwayaj lè yon Patisipan Entènè lopital:

Apati 1/9/23, lè yon patisipan entènè lopital, NICA ap ranbouse sa yo:

- Frè depasman selon tarif nou te mansyone anwo a pou yon sèl vwayaj ale-retou pa jou nan jou kote yon paran oswa responsab legal pa pase nwit nan lopital la.
- Sibvansyon repa ak Alokasyon Enprevi pou jiska de responsab swen nan fason sa yo:
 - Nan jou kote yon responsab swen ap vwayaje pou ale epi kite lopital la, yo ap bay alokasyon an selon tarif GSA a pou jou vwayaj la (75% nan alokasyon jounalye)
 - Nan jou kote yon responsab swen pa kite lopital la, yo ap bay alokasyon an selon tarif GSA konplè alokasyon jounalye a.

Tanpri kontakte Jesyonè Enfimiyè Dosye w ou si ou gen kesyon sou ranbousman lòt depans ki lye ak vwayaj yo.

Dokiman pou Nesesite Medikal:

NICA dwe gen dokiman sou randevou ranbousab la oswa ospitalizasyon tankou nòt randevou yo, ak/oswa nòt lopital/rezime egzeyat la.

Kondisyon pou Otorizasyon Alavans yo:

Otorizasyon alavans pa obligatwa pou ranbousman vwayaj swen lokal.

Dokiman ki obligatwa yo pou ranbousman:

Pou Frè Depasman ak Repa epi Enprevi yo:

- Dokiman pou neseseite medikal ki mansyone anwo a

Pou Frè pakin ak Pasaj otowout:

- Dokiman pou neseseite medikal ki mansyone anwo a
- Resi oswa fakti ki peye,
 - Ou ka bay pou frè pasaj otowout yon deklarasyon Sunpass (oswa yon ekivalan) kòm prèv peman

Enfòmasyon Adisyonèl:

Enfimiyè ki Jesyonè Dosye patisipan an pral kalkile ranbousman frè depasman an ap sèvi ak adrès lokal paran oswa responsab legal la te bay yo. Si paran an oswa responsab legal la vle pou yo sèvi ak yon plan itinerè espesifik pou ranbousman an, yo ka kontakte jesyonè Dosye yo a pou bay detay sa yo.

Nan kèk ka, yo ka ranbouse yon moun ki pa paran/responsab legal frè depasman pou akonpayman patisipan an nan randevou medikalman nesese yo.

Eksklizyon oswa Limitasyon yo:

Si yon fanmi gen yon veyikil NICA epi li chwazi sèvi ak pwòp veyikil pèsònèl li pou transpòte patisipan an, nan randevou ki medikalman nesese yo, yo ap ranbouse frè depasman an selon tarif GSA pou veyikil gouvènman founi (sa vle di tarif veyikil NICA a, men se pa nan tarif veyikil pèsònèl la).

Avantaj: Vwayaj Pou Swen Ospitalizasyon

Avantaj Retwoaktif yo:

NICA ap onore demann ranbousman ki soumèt sou kat ane (an konfòmite ak Seksyon 95.11(3)(f) nan Lwa Florida yo) apati dat depans lan te fèt la si demann lan akonpanye ak dokiman ki apwopriye yo. Si depans lan te fèt anvan akseptasyon patisipan nan pwogram NICA a, dire tan sa a pa aplikab depi yo soumèt demann ranbousman an nan yon delè kat ane apati dat akseptasyon patisipan an nan pwogram nan.

Deskripsyon:

Lè patisipan an epi jiska de responsab swen vwayaje nan yon distans ki omwen 50 mil (80 km) sòti lakay yo epi yo dwe pase nwit lan pou yon randevou ki nesèsè medikalman, NICA ap ranbouse eleman sa yo:

- Frè depasman selon tarif ki mansyone nan règleman Vwayaj Swen Lokal la si vwayaj la fèt ak yon veyikil pèsònèl oswa veyikil NICA, oswa pri reyèl biyè avyon (gade anba a pou plis detay)
- Lojman (gade anba a pou plis detay)
- Pou Frè pakin ak Pasaj otowout:
- Veyikil Lokasyon (gade anba a pou plis detay)
- Frè Repa Ak Enprevi yo (gade anba a pou plis detay)

Frè Tikè Avyon:

Apati 1ye janvye 2022, si patisipan an vwayaje nan avyon, NICA ap ranbouse pri reyèl frè tikè pou klas ekonomik la pou patisipan an ak jiska de responsab swen. Frè bagaj yo tou ranbousab. Ranbousman an ap disponib apre vwayaj medikal ki nesèsè yo fini. Anvan 1ye janvye 2022, ranbousman te disponib pou patisipan an ak 1 responsab swen sèlman.

Lojman:

Depans lojman ki fèt yo ap ranbouse selon pri aktyèl la jiska 1.3 fwa valè tarif GSA pou lojman nan vil destinasyon an. Tarif maksimòm GSA a kouvri ranbousman pou tout vwayajè yo (sa vle di monan ki ranbouse a rete menm lan, kèlkeswa kantite vwayajè yo)

Lè w ap kalkile ranbousman maksimòm, tout frè ki pa enpo konsidere kòm yon pati nan depans lojman an. Si depans aktyèl la depase 1.3 fwa valè tarif GSA a, yo ap fè ranbousman montan maksimòm GSA ak montan enpo pwopòsyonèl enpo yo. Lè yo ap kalkile ranbousman maksimòm nan, yo totalize depans pou tout sejou a epi yo konpare li ak montan total ki ta dwe ap ranbouse selon tarif GSA a pou menm kantite nwit yo. Sa vle di, si gen kèk nwit ki depase tarif GSA a epi gen kèk lòt nwit ki pi ba pase tarif GSA a, men total la toujou egal oswa pi ba pase total tarif GSA a, yo ap fè ranbousman konplè.

Yo ap ranbouse frè lojman sèlman jiska yon jou anvan ak yon jou apre randevou ki nesèsè medikalman, sòf si trajè a mande plizyè jou pou kondwi. Nan ka sa yo, yo ka ranbouse frè lojman pou jou vwayaj reyèl yo sou baz yon mwayèn 8 èdtan vwayaj pa jou.

Anplwaye NICA yo disponib pou bay asistans ak rezèvasyon lojman si paran an fè demann lan.

Pou Frè pakin ak Pasaj otowout:

Y ap ranbouse frè reyèl pou pakin yo avèk yon resi. Pou pakin nan otèl yo, yo ap ranbouse frè pou pakin endepandan. Yo ap ranbouse sèvis estasyonman sèlman si pakin endepandan pa disponib.

Yo ap ranbouse frè pasaj otowout yo avèk yon prèv peman. Ou ka bay yon deklarasyon Sunpass (oswa yon ekivalan) kòm prèv peman.

Veyikil lokasyon:

Yo ka bezwen yon veyikil lokasyon si patisipan an pran avyon pou l ale nan yon randevou, oswa si patisipan an pa gen yon veyikil NICA epi li prefere vwayaje nan yon veyikil lokasyon. Anplwaye NICA yo dwe fè rezèvasyon pou veyikil lokasyon yo pou jwenn tarif eta yo epi pou yo ka faktire NICA dirèkteman. Yo ap faktire NICA dirèkteman pou frè pasaj otowout ki fèt pandan w ap kondwi yon machin lokasyon. Yo ap ranbouse frè depasman selon tarif transpò ki fyab la pou kouvri depans gaz yo (gade Règleman sou Vwayaj Swen Lokal la). Sepandan, opsyon gaz konpayi lokasyon an ofri a pa ranbousab.

Yo ap fè rezèvasyon machin lokasyon yo sèlman jiska yon jou anvan ak yon jou apre randevou medikal ki nesèsè a sòf si trajè a mande plizyè jou pou kondwi. Nan ka sa yo, yo ka fè rezèvasyon pou gen ladan l jou vwayaj adisyonèl sou baz yon mwayèn 8 èdtan vwayaj pa jou.

Frè Repa ak Enprevi yo:

NICA ap bay yon sibvansyon pou repa ak alokasyon pou depans enprevi selon tarif GSA a (swa 75% pou jou vwayaj la oswa 100% pou jou vwayaj konplè) pou jiska de responsab swen. NICA ap bay tou menm sibvansyon pou patisipan NICA a si patisipan kapab manje nan bouch, li pa gen okenn disfonksyonman nan sistèm dijestif li ki anpeche li manje nan bouch, epi li p ap resevwa ranbousman pou pwodwi nitrisyonèl espesyalize ki anbale yo oswa Alokasyon Mansyèl pou Manje Ki Nourisan.

Y ap ranbouse sibvansyon repa ak alokasyon pou enprevi sèlman jiska yon jou anvan ak yon jou apre randevou ki nesèsè medikalman a, sòf si trajè a mande plizyè jou pou kondwi. Nan ka sa yo, yo ka bay alokasyon jounalye pou vwayaj reyèl sou baz yon mwayèn 8 èdtan vwayaj pa jou.

Tanpri, kontakte Jesyonè Enfimye Dosye w ou si ou gen kesyon sou ranbousman lòt depans ki lye ak vwayaj yo.

Dokiman pou Nesesite Medikal:

Byenke egzijans yo ka varye selon sitiyasyon espesifik la, an jeneral, NICA dwe gen dokiman randevou ki ranbousab la, tankou yon lèt nesèsite medikal oswa nòt medikal.

Kondisyon pou Otorizasyon Alavans yo:

Otorizasyon alavans obligatwa pou tout vwayaj lannwit ki nesèsè medikalman ki mande pou lojman, biyè avyon, ak / oswa yon machin lokasyon. Sonje ke si yon paran chwazi fè depans anvan otorizasyon alavans, yo p ap ka garanti ranbousman.

Dokiman ki obligatwa yo pou ranbousman:

Pou Frè Deplasman ak Repa epi Enprevi yo:

- Dokiman pou nesèsite medikal jan sa mansyone anwo.

Pou Biyè Avyon, Lojman, Pakin ak Frè Pasaj Otowout:

- Dokiman pou nesèsite medikal jan sa mansyone anwo.
- Resi oswa fakti ki peye
 - Ou ka bay pou frè pasaj otowout yon deklarasyon Sunpass (oswa yon ekivalan) kòm prèv peman

Enfòmasyon Adisyonèl:

Enfimye ki Jesyonè Dosye patisipan an pral kalkile ranbousman frè deplasman an ap sèvi ak adrès lokal paran oswa responsab legal la te bay yo. Si paran an oswa responsab legal la vle pou yo sèvi ak yon plan itinerè espesifik pou ranbousman an, yo ka kontakte jesyonè Dosye yo a pou bay detay sa yo.

Eksklizyon oswa Limitasyon yo:

Depans ki asosye ak vwayaj andeyò peyi a jeneralman pa ranbousab. Tanpri kontakte jesyonè dosye ou si ou gen yon kesyon konsènan vwayaj andeyò peyi a.

Yo ka ranbouse nan kèk ka depans pou vwayaj ki fèt andeyò eta kote patisipan an rezide a, men otorizasyon alavans obligatwa. Tanpri kontakte jesyonè dosye ou si w gen kesyon sou vwayaj andeyò eta.

Asirans vwayaj pa ranbousab.

Sèvis estasyonman yo pa ranbousab amwens ke pa gen opsyon pakin endepandan yo.

Depans pou sèvis chanm yo pa ranbousab.

Yo p ap ranbouse frè anilasyon pou lojman yo, amwens ke l inevitab akòz maladi patisipan an.

Opsyon peman gaz konpayi lokasyon an ofri a pa ranbousab.

Yo p ap ranbouse depans frè pasaj otowout ki fèt san rapò ak vwayaj nesèsè medikalman yo. Nenpòt frè pasaj otowout ki pa ranbousab ki fèt pandan itilizasyon machin lokasyon an ap dedwi nan ranbousman vwayaj la.

LOJMAN POU EVAKYASYON KATASTWÒF

(Dat Efektif: 12 Desanm 2024)

Avantaj Retwoaktif yo:

Pa gen okenn avantaj retwoaktif ki lye ak règleman sa a. Avantaj yo disponib sèlman apre dat efektif la.

Deskripsyon:

Si fanmi yon patisipan evakye akòz yon katastwòf natirèl tankou yon siklòn, NICA ap ranbouse depans pou lojman si yo satisfè kritè sa yo:

- Gen yon deklarasyon ijans ki an vigè pou konte kote patisipan an rete a, EPI
- Fanmi an ap resevwa aktyèlman, oswa kalifye pou l resevwa yon sibvansyon elektrisite, OSWA patisipan an gen yon dyagnostik disfonksyonman sistèm nève otonòm.

Ranbousman disponib pou jiska de (2) nwit anvan katastwòf la ak yon (1) nwit apre katastwòf la. Pa egzanp, si yo prevwa yon siklòn ap frape yon mèkredi swa, ranbousman disponib pou lendi ak madi swa (avan katastwòf), pou Mèkredi swa, ak pou jedi swa (katastwòf).

Nan ka yon pàn kouran, ranbousman an ap pwolonje jis nan jou swa kouran an retabli. Pa egzanp, si yo retabli kouran samdi, ranbousman pral disponib tou pou vandredi ak samdi swa.

Dokiman pou Nesesite Medikal:

Dokiman pou nesosite medikal pa obligatwa.

Kondisyon pou Otorizasyon Alavans yo:

Otorizasyon alavans pa obligatwa.

Eksklizyon oswa Limitasyon yo:

Depans lojman yo limite a \$250 pa jou san konte enpo. Limit jounalye a gen ladan l nenpòt adisyonèl tankou frè pakin, frè otèl, ak frè rezèvasyon oswa frè netwayaj pou lokasyon Airbnb/VRBO. Y ap ranbouse enpo ki aplikab yo an antye si to chak jou a se \$250 oswa mwens, oswa an pati si to a depase \$250 (taks yo pral ranbouse pwopòsyonèlman nan ka sa yo).

Yo p ap ranbouse depans lojman si fanmi an kalifye pou ranbousman atravè lòt sous, tankou Ajans Federal pou Jere Ijans (Federal Emergency Management Agency (FEMA)).

Ranbousman pou frè depasman ak repa yo pa disponib pou evakyasyon katastwòf yo.

Avantaj: Gad Legal

Avantaj Retwoaktif yo:

NICA ap onore demann ranbousman ki soumèt sou kat ane (an konfòmite ak Seksyon 95.11(3)(f) nan Lwa Florida yo) apati dat depans lan te fèt la si demann lan akonpanye ak dokiman ki apwopriye yo. Si depans lan te fèt anvan akseptasyon patisipan an nan pwogram NICA a, dire tan sa a pa aplikab, depi yo soumèt demann ranbousman yo nan yon delè kat ane apati dat akseptasyon patisipan an nan pwogram lan.

Deskripsyon:

Lè yon patisipan gen 18 an, an jeneral eta yo egzije pou paran yo vin gadyen legal pou yo ka kontinye pran desizyon medikal pou pitit yo. NICA ap kouvri depans pou fanmi yo jwenn gad legal patisipan NICA a. Fanmi yo kapab chwazi pwòp avoka pa yo, oubyen sou demann paran, NICA kapab founi yon lis avoka ki espesyalize nan gad legal.

Depans ki kouvri yo gen ladan yo:

- Frè legal ak lòt frè ki gen rapò ak:
 - Etablisman gad legal inisyal (òdonans jij pou gad legal konplè oswa reprezantan responsab legal)
 - Renouvèlman anyèl pou gad legal yo
- Kategori gad legal yo
- Verifikasyon antesedan
- Anprent dijital
- Frè pwofesyonèl pou etablisman gad legal

Tanpri kontakte jesyonè dosye ou si ou gen yon kesyon konsènan kouvèti gad legal.

Dokiman ki nesèsè Medikalman:

Pa gen okenn obligasyon pou dokiman nesèsite medikal ki lye ak avantaj sa a.

Kondisyon pou Otorizasyon Alavans yo:

Pa gen okenn otorizasyon alavans ki obligatwa pou ranbousman. Dapre depans ki te deja ranbouse yo, barèm pou frè legal ki asosye ak etablisman gad legal yo varye ant \$3,000 - \$7,500. Si depans yo depase barèm sa a, yo ap mande dokiman adisyonèl/eksplikasyon.

Dokiman ki obligatwa yo pou ranbousman:

- Fakti ki detaye
- Prèv peman (si NICA sipoze ranbouse paran/responsab legal la)
- Kopi òdonans ofisyèl ki apwouve gad legal la

Enfòmasyon Adisyonèl:

Tribinal la ap nonmen yon avoka pou patisipan an, ki endepandan ak avoka ki reprezante paran/responsab legal la. Sistèm jidisyè tribinal ta dwe kouvri depans pou avoka patisipan an. Anvan 8/25/2022, ranbousman NICA a te limite ak \$2,500 pou depans gad legal yo.

Eksklizyon oswa Limitasyon yo:

Frè rezèvasyon ke fanmi an peye pou avoka ap ranbousab sèlman lè yo fin itilize sèvis reyèl ki dokimante ke avoka a te founi yo. Sou demann paran an NICA ka peye avoka a frè rezèvasyon an dirèkteman.

Depans vwayaj ki lye ak demach pou etabli gad la pa ranbousab.

Avantaj: Fon Sipò pou Dèy

Avantaj Retwoaktif yo:

NICA ap onore demann ranbousman ki soumèt sou kat ane (an konfòmite ak Seksyon 95.11(3)(f) nan Lwa Florida yo) apati dat depans lan te fèt la si demann lan akonpanye ak dokiman ki apwopriye yo.

Deskripsyon:

Nan ka kote yo avize NICA desè yon patisipan, fanmi yo ap resevwa \$50,000 nan yon efò pou konpanse depans pou sèvis yo. Paran an/responsab legal la (yo) gen dwa jwenn fon sa yo lè desè patisipan an, yo pa egzije okenn dokiman pou peman. Sou demann, NICA ka itilize fon sa yo pou peye sèvis yo dirèkteman. Yon moman desè ka bay emosyon ak konfizyon, NICA swete vin yon resous rekonfò pou fanmi li yo diran moman difisil sa yo. Tanpri gade seksyon *Sèvis Sante Mantal* la pou plis enfòmasyon.

Dokiman ki nesèsè Medikalman:

Pa gen okenn dokiman pou nesèsite medikal ki obligatwa pou avantaj sa a.

Kondisyon pou Otorizasyon Alavans yo:

Pa gen okenn otorizasyon alavans ki obligatwa pou avantaj sa a.

Dokiman ki obligatwa yo pou ranbousman:

- Fakti detaye (si NICA ap peye vandè a dirèkteman)
- Yon kopi akt desè (jesyonè dosye w la kapab travay ak mezon finèb la dirèkteman pou jwenn dokiman sa a)

Enfòmasyon Adisyonèl:

Pa gen okenn enfòmasyon adisyonèl konsènan avantaj sa a.

Eksklizyon oswa Limitasyon yo:

Pa gen okenn esklizyon oswa limitasyon ki lye ak avantaj sa a.

SWEN ENFIMYÈ

Majorite patisipan NICA yo ap bezwen kèk nivo swen enfimye pwofesyonèl oubyen oksilyè nan lavi pa yo. Anpil fanmi chwazi rete lakay yo epi bay patisipan pa yo swen, alòske gen lòt fanmi ki prefere pran sèvis enfimye pwofesyonèl oubyen oksilyè yo. Toude opsyon yo disponib pou fanmi ki kalifye yo selon diskresyon yo. Nivo swen enfimye ak montan pou peye pou kalite swen sa yo ka varye sòti sou yon fanmi pou rive nan yon lòt, selon sa ki dikte pou bezwen medikal inik patisipan an ak nivo konpetans responsab swen an.

Nan objektif pou NICA peye swen enfimye pou yon patisipan, jesyonè dosye ou an ap voye yon Fòmilè Pasyan ak Responsab Swen Enfimye (Patient and Nursing Caregiver Form, PNCF) pou doktè ki bay patisipan an swen pou li ranpli. Fòmilè sa se sa NICA ap itilize pou otorize montan ak kalite swen ki disponib la. Fòmilè a mansyone kantite èdtan swen ki egzije yo ak nivo swen pou èdtan sa yo (sa vle di, CNA, LPN, oubyen RN). NICA kapab peryodikman fè yon revizyon avèk pwofesyonèl medikal yo pou evalye bezwen kontinyèl patisipan an epi ki pafwa chanje pwogresivman.

Si sa aplikab, NICA kapab mande enfòmasyon nan men plan asirans ou an tou sou kouvèti pou swen enfimye yo bay lan. Jesyonè dosye ou a kapab ede ou nan demach sa.

Swen Enfimye Adomisil Paran oswa Responsab Legal la Founi:

Lè swen enfimye pwofesyonèl oubyen oksilyè yo nesèsè, NICA ka ranbouse yon paran oubyen responsab legal swen ki nesèsè medikalman ak swen akonpayman jan sa endike nan PNCF la. Sa gen ladan l nenpòt moman paran an oblije rete avèk patisipan an pou randevou medikal, randevou terapi, elatriye. Sa pral kòm yon altènativ oswa anplis peman pou swen enfimye pwofesyonèl oswa lòt oksilyè pwofesyonèl yo. Sonje ke NICA ka sèlman ranbouse yon sèl responsab swen ala fwa.

Pou patisipan ki fèt apati 7 Jen 2002 yo:

Ranbousman depann sou limitasyon ki presize nan seksyon 766.302(10) ak 766.31, Lwa Florida yo. Seksyon sa yo presize ke NICA ka ranbouse yon paran oswa gad legal pou jiska 10 èdtan swen rezidansyèl familyal oswa swen akonpayman ke yo bay patisipan an dirèkteman nan yon peryòd 24 èdtan. Si yo otorize plis pase 10 èdtan, lòt responsab swen yo ka jwenn ranbousman pou dire lè swen yo bay ki otorize a ak lè ki vin apre 10 èdtan. NICA pa ranbouse okenn èdtan pandan patisipan an nan lekòl oswa nan PPEC.

Si yon patisipan bezwen plis pase 10 èdtan swen epi si yo konsidere paran an kòm yon pwofesyonèl medikal (pa egzanp, CNA, LPN, RN), yo ap anile limit pou 10 èdtan an. Yon paran ka jwenn ranbousman selon nivo lisans li (dapre tarif Medicaid Florida) pou kantite èdtan swen li te bay ke yo konsidere ki medikalman nesèsè. Pa egzanp, si paran an se yon LPN epi PNCF otorize 12 èdtan swen CNA ak 12 èdtan swen LPN, epi si paran an bay tout 24 èdtan swen an, yo ap ranbouse paran sa a 12 èdtan selon [tarif CNA](#) ak 12 èdtan selon [tarif LPN](#).

Pou patisipan NICA yo ki fèt avan 7 Jen 2002:

Ranbousman depann sou limitasyon ki presize nan Akò Règleman Rekou Kolektif la ak nan Jijman Final ak Òdonans ki Apwouve Akò Règleman Rekou Kolektif la (disponib sou nica.com) Pou fanmi sa yo, NICA ka ranbouse yon paran oswa responsab legal pou jiska 20 èdtan pa jou pou swen yo bay patisipan an dirèkteman. Si gen lòt responsab swen ki enplike nan swen an, dire tan ki konbine a se 20 èdtan pa jou. Yo dedwi tou èdtan pou lekòl yo. Si yon paran oubyen yon responsab legal ap pran swen patisipan an dirèkteman epi li se yon responsab swen pwofesyonèl lisansye (pa egzanp, Enfimye Asistan Lisansye, Enfimye Oksilyè Otorize oubyen Enfimye Otorize), yo kapab peye responsab swen an jiska 24 èdtan pa jou. Tarif peman yo baze sou nivo lisans paran oubyen responsab legal la, ak kantite èdtan doktè a otorize.

Swen pandan Sejou Ospitalizasyon:

Si yon patisipan NICA ospitalize epi paran oswa responsab legal la dwe rete avèk li pandan sejou a, NICA ap ranbouse paran oswa responsab legal la pou jiska 24 èdtan pa jou selon tarif nòmal la, sa gen ladan l jou admisyon an ak jou egzayat la. Chanjman sa ap an vigè apati 1ye janvyè 2021.

Swen Adomisil Pwofesyonèl Enfimyè oswa Responsab Legal la Founi:

Si yon doktè rekòmande l, NICA ap ranbouse fanmi yo pou swen ki nesèsè medikalman ak swen enfimyè pwofesyonèl oswa swen akonpayman yo bay patisipan an. NICA ap ranbouse yon ajans founisè swen oubyen yon lòt responsab swen kalifye dirèkteman, jan paran oswa responsab legal la prefere li. Yo ka ranbouse paran yo tou lè yon tyès pati ki responsab swen rate yon lè travay epi yon paran oblije bay yon pati nan swen an, sou prezantasyon dokiman pou lè travay ki rate yo pou NICA.

Pou mande avantaj sa, yon paran oubyen responsab legal la kapab kontakte Enfimyè Jesyonè Dosye yo a. Jesyonè Dosye a ap mande enfòmasyon konsènan peman pou endividi oubyen ajans enfimyè a paran an swete pou pou pran swen patisipan an.

Swen Enfimyè yo te Bay Anvan yo Admisyon nan Pwogram NICA a:

Swen enfimyè yo te bay apati dat egzeyat nan NICU jiska dat admisyon nan pwogram NICA a ranbousab selon endikasyon ki anwo yo. Yo ap jwenn PNCF la apati admisyon nan pwogram lan epi li ap aplike an retwoaktif.

Swen Akonpayman Rezidansyèl:

Nan ka kote yon patisipan dwe deplase kite lakay li pou li ale nan yon etablisman swen pwofesyonèl, NICA ap peye pou depans etablisman an lè pa gen okenn lòt antite ki disponib.

TERAPI

NICA ap ranbouse fanmi yo pou terapi yon terapet lisansye fè ke yon doktè detèmine ki rezonab ak nesèsè medikalman.

Kèk terapi ki kouvri yo gen ladan yo:

- Terapi Fizik
- Terapi Okipasyonèl
- Terapi Langaj
- Idwoterapi
- Terapi Entansif
- Terapi Mizik
- Terapi Ekin
- Terapi Masaj
- Terapi Konpòtmantal
- Terapi Vizyèl

Yo ap kouvri jiska \$2000 pou pwogram anyèl kan terapi yo. Yo ka kouvri plis pase \$2000 pou terapi kan an si li satisfè nòm yon terapi entansif. Enfimiyè Jesyonè Dosye w la ap evalye plan swen pou pwogram kan terapi a pou detèmine si yo ka kouvri kan terapi a.

Lòt kalite terapi ka kalifye tou pou jwenn kouvèti. Mande Enfimiyè Jesyonè Dosye w la enfòmasyon si yon medsen rekòmande yon terapi ki pa mansyone anwo a.

NICA ka peryodikman konsilte pwofesyonèl medikal ki apwopriye yo sou nesèsite medikal pou kontinyite plizyè terapi.

Pou mande yon terapi pou patisipan an, NICA egzije yon plan swen ke yon terapet ekri epi doktè patisipan an siyen, avèk pwosesis tou enfòmasyon ki montre tout lòt antite te refize peye terapi a, tankou asirans, plan prepeye yo, HMO, oswa asistans gouvènmantal ki ka disponib yo. Si yon plan asirans oubyen lòt antite pasyèlman kouvri yon terapi, NICA ap peye kopèman oubyen posyon pasyan an responsab la.

EKIPMAN

NICA ap achte oswa ranbouse depans reyèl pou ekipman ki nesèsè medikalman ke yo mande pou swen yon patisipan. Piske ekipman patisipan NICA bezwen yo varye anpil, ou ka jwenn yon lis detaye sou ekipman aktyèl yo nan Anèks A

Pou kòmande oswa ranbouse yon ekipman ki koute mwens pase \$3,000 NICA ap bezwen yon deklarasyon alekri nan men paran an oswa responsab legal patisipan an ki di poukisa ekipman an nesèsè medikalman (si li pa klèman parèt lye ak twomatis la) yo ap bezwen 3 dev (atik yo ap achte a ak de dev pou konparatif) pou atik ki depase \$1,000 ak yon lèt refi asirans si se yon atik ke plan asirans patisipan potansyèlman ap kouvri.

Pou kòmande oswa ranbouse yon ekipman ki koute mwens pase \$3,000 NICA ap bezwen yon lèt ki endike li nesèsè medikalman OSWA yon preskripsyon, 3 dev (atik yo ap achte ak de dev konparatif) ak yon lèt refi asirans si se yon atik ke plan asirans patisipan potansyèlman ap kouvri. Nan kèk ka, (tankou yon moun pou kanpe oswa yon chèz woulant) NICA ap bezwen tou espesifikasyon kòmman lan si w ap achte dirèkteman nan men yon vandè.

Gen ekipman espesifik kote NICA gen yon patenarya avèk yon founisè pou yon tip oswa mak ekipman espesyalize epi l ta renmen kòmande ekipman yo mande a nan men vandè sa yo dirèkteman. Ou ka jwenn yon lis ekipman sa nan Anèks A avèk yon "*" sou kote non ekipman an. Nan ka sa yo, dokiman ki nesèsè nan kategori anlè yo ap toujou aplike.

Apati 1/1/23, pou ekipman NICA achte oswa ranbouse pou patisipan an, yo ka ranbouse tou reparasyon, garanti pwolonje, ak akseswa pwoteksyon.

*Ou ka kontakte Enfimyè Jesyonè Dosye NICA yo si gen yon dout konsènan si ekipman an yo mande a ka bezwen oswa ka pa bezwen yon lèt refi asirans.

Anèks A – Ekipman			
Lis sa gen ladan l men li pa limite ak ekipman yo te otorize avan sa.			
Ekipman yo dwe nesèsè medikalman pou patisipan an.			
<u>Ekipman < \$3000</u>		<u>Ekipman < \$3000</u>	
Syèj pou pozisyonman/chèz			Kabann
Aparèy Òtopedik pou Cheviy ak Pye (AFOs)			Aparèy Pou Souleve Nan Plafon
Matla K ap Pèdi Lè			Aparèy Pou Kominikasyon
Monitè/Videyo Pou Tibebe			Jile Konpresyon
Chèz pou Benyen			Chèz Woulant Elektrik
Syèj machin ki adapte			Chèz Ki Adapte (Firefly chairs)
Tab pou chanje kouchèt			Bisiklèt ki Adapte (Freedom Concept)
Òdinatè (aparèy asistans kominikasyon)			Aparèy reyabilitasyon pou mache
Chèz pou Manje ak Ponp Alimantasyon			Kabann Lopital
Pant Pou Aksè/ Papòt yo			Jakouzi (Hot Tub (limiti ak \$6000))
Linèt (ki lye ak twomatis nan nesans)			Pant Pèmanan
Kwochè remòkaj pou veyikil ki amenaje			Konsantratè Pòtatif 02
Aparèy Pou Souleve Pasyan (Hoyer Lift)			Chofaj Pisin Pòtatif
Imidifikatè			Chèz Ppod
Ipad (kòm aparèy kominikasyon oswa terapi)			Twotinèt (Scooter)
Chèz Woulant Manyèl			kabann Sekirize*
Gwo Woulo an Kawotchou			Aparèy pou kanpe (Stander)
Nebilizatè ak Konsantratè Oksijèn			Rad ak akseswa sansoryèl (Stim Designs)*
Pant Pòtatif			Pousèt

Dèlko Pòtatif			Tablèt
Oksimèt (Pulse Ox)			Sistèm kominikasyon Okilè (Tobii Dynavox)*
Pyès rechanj pou Ekipman			Aparèy pou mache (Walker)
Estetoskòp			
Aspiratè Pou Rim Ak Aspiratè Pòtatif			
Ban ak Kapèt Pou Terapi			
Sistèm Twalèt ki Adapte			
Sentiwon pou Deplasman - ak manch			
Aparèy Drenaj pou Pipi			
*Atik ke NICA gen yon patenarya pou yo ak yon vandè espesifik			

FOUNITI YO

NICA ap achte oubyen ranbouse depans reyèl pou founiti yo mande pou swen yon patisipan. Piske ekipman patisipan NICA bezwen yo varye anpil, ou ka jwenn yon lis detaye sou ekipman aktyèl yo nan Anèks B.

Pou kòmande oswa ranbouse founiti ki koute mwens pase \$3,000 nan yon sèl acha oswa plizyè acha pa mwa ki koute mwens pase \$1,000, NICA ap mande yon deklarasyon alekri nan men paran oswa responsab legal patisipan an pou eksplike poukisa founiti a nesèsè (si li pa klèman parèt lye ak twomatis la) ak yon lèt refi asirans si se yon atik ke plan asirans patisipan potansyèlman ap kouvri.

Pou kòmande oswa ranbouse founiti ki koute plis pase \$3,000 nan yon sèl acha oswa plizyè acha pa mwa ki koute plis pase \$1,000, NICA ap bezwen yon lèt ki endike li nesèsè medikalman OSWA yon preskripsyon, ak yon lèt refi asirans si se yon atik ke plan asirans patisipan potansyèlman ap kouvri.

An aplikasyon 1/1/2024, founiti yo achte atravè yon sèvis livrezon nan menm jou a (sa vle di, Door Dash, UberEATS, elatriye) ka ranbousab ak prezantasyon dokiman ki apwopriye a. Frè ki asosye ak itilizasyon sèvis livrezon sa yo (tankou frè livrezon, frè sèvis yo, ak tep) pa ranbousab. Tanpri sonje ke frè siplemantè pou pwoteksyon ekspedisyon ki asosye ak acha anliy yo pa ranbousab tou.

*Ou ka kontakte Enfimyè Jesyonè Dosye NICA yo si gen yon dout konsènan si ekipman an yo mande a ka bezwen oswa ka pa bezwen yon lèt refi asirans.

Anèks B – Founiti yo

Lis sa gen ladan l men li pa limite ak founiti ke yo te otorize avan yo.

Rad Ki adapte
Alkòl
Manje ti bebe
Sakado (pou pote founiti ijans)
Bavèt
Kouchèt ki double
Ti Sèvyèt pou rann gaz
Ti sèvyèt Clorox
Krèm pou demanjezon kouchèt
Kouchèt (apre 3 an)
Sak Alimantasyon yo - Sistèm pou degaje lè
Twous Ponp Alimantasyon
Kiyè Pou Manje
Founiti netwayaj pou tib nitrisyonèl
Jwèt an Blòk ki Mou Pou Mobilite
Lèt Tibebe
Twal gaz
Gan
Aksèswa pou Tib Gastrik (G-tube)
Manch
Kas ipoterapi
Mas
Poud Nitrisyonèl pou Ranplase Repa
Bouton gastwostomi

Bwòs dan pou aspirasyon oral
Oksijèn
Pedyalit
Oksijene
Kilòt jetab
Dlo sel (Saline)
Dezenfektan
Soulye Òtopedik (AFOs)
Chosèt Òtopedik (AFOs)
Gode Pou Alimantasyon Espesyalize
Tib (Katetè) aspirasyon
Twous (plato) aspirasyon
Sipleman yo
Sereng
Tep
Eponj pou dantisyon
Founiti pou Trakeostomi
Trakeostomi
Sak Fatra
Tib
Dra ijyenik jetab (avèk oswa san tep)
Founiti Aparèy Drenaj pou Pipi
Sak pou Vomisman
Ti sèvyèt pou benyen

Tanpon pou netwaye bouch
Kanil nen (Ti tib oksijèn)
Bwòs dan pou aspirasyon oral
Kanil nen (Ti tib oksijèn)

Dlo (pou ekipman oswa lèt bebe)
Len
Tisèvyèt mouye pou netwaye po (apres 3 an)

AVANTAJ KI PA ESPESIFIKMAN ABÒDE YO

Konsèy administrasyon an te otorize Direktè Egzekitif la pou apwouve avantaj ki dekri nan Manyèl Avantaj sa. Konsèy Administrasyon an rekonèt, sepandan, kapab genyen plizyè kalite ekipman oswa lòt atik ki kapab gen valè pou yon patisipan ak fanmi pa yo men pa abòde nan Manyèl Avantaj sa. Si genyen yon eleman oubyen sèvis ou santi ki dwe kouvri epi yo pa mansyone li, tanpri pale ak jesyonè dosye ou a.

DEZAKÒ AK REFI POU RANBOUSMAN YO

Si gen yon dezakò rive sou yon demann pou avantaj, nou envite w diskite sa ak yon Sipèvizè Reklamasyon Enfimyè. Yo ap akeyi opòtinite pou travay avèk ou nan espwa pou rezoud dezakò a. Nan kèk ka, NICA ka mande yon lèt nesosite medikal ki pi klè oswa lòt dokiman adisyonèl.

Si yon dezakò rive epi Sipèvizè Reklamasyon Enfimyè a pa ka rezoud li, sou demann alekri, Direktè Egzekitif la ka egzamine reklamasyon an epi tante rezoud dezakò a avèk paran yo oswa responsab legal yo.

Si Direktè Egzekitif la pa ka rezoud dezakò a epi yo refize yon avantaj, paran yo oubyen responsab legal yo genyen dwa pou depoze yon petisyon avèk Divizyon Odyans Administratif yo (Division of Administrative Hearings) pou konteste montan depans reyèl ki ranbouse oubyen refi avantaj yo. Gade DOAH.fl.us pou jwenn plis detay. Paran yo oubyen responsab legal yo ka kontakte Reprezantan Konsomatè Asirans (Insurance Consumer Advocate) nan Depatman Sèvis Finansye Florida (Florida Department of Financial Services) pou gid adisyonèl sou yon baz enfòmèl.

Adrès pou soumèt yon lèt oubyen petisyon se:

Depatman Odyans Administratif yo (Division of Administrative Hearings)

2001 Drayton Dr.

Tallahassee, FL 32311

Telefòn: (850) 488-9675

Faks: (850) 921-6847

Enfòmasyon pou kontak Reprezantan Konsomatè Asirans (Insurance Consumer Advocate) lan se:

Biwo Reprezantan Konsomatè Asirans lan (Office of the Insurance Consumer Advocate)

Depatman Sèvis Finansye Florida (Florida Department of Financial Services)

Telefòn Biwo a: (850) 413-5923

Faks: (850) 487-0453



Florida Twomatis Newolojik Ki Lye ak Nesans (Florida Birth-Related Neurological Injury)

Asosyasyon pou Dedomajman (Compensation Association)

P.O. Box 14567

Tallahassee, Florid 32317

Liy Gratis 1-800-398-2129

Telefòn (850) 488-8191

Faks (850) 922-5369

Web NICA.com

MANYÈL AVANTAJ YO

Apwouve 12 Desanm 2025



Florida Twomatis Newolojik Ki Lye ak Nesans
(Florida Birth-Related Neurological Injury)
Asosyasyon pou Dedomajman (Compensation Association)

P.O. Box 14567

Tallahassee, Florid 32317

Liy gratis 1-800-398-2129

Telefòn (850) 488-8191

Faks (850) 922-5369

Web NICA.com



SUPPORTIVE SERVICES FOR
FAMILIES & PHYSICIANS